№12 (19896) hakikat_gazeta istina@etnomediadag.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ

# ХIАКЪИКЪАТ

МАГIАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

29 март 2024 с.
рузман

СЕССИЯ

## Депутатазул тIил: чIунтулел росабазде, унтарал лъималазде ва ришватчагIазде



Бицунеб буго Жанисел ишазул министр ГIабдурашид МухIамадовас



Сессиялъухъ гIенеккун вуго Дагъистаналъул ТIадегIанаб Судалъул цIитарав председатель Фёдор Щукинги. АскIов гIодов чIун вуго ХIисаб кьеялъул Палатаялъул нухмалъулев Билал ЖахIбаров.

28 марталда ДРялъул Халкъияб Собраниялъул иргадулаб сессия байбихьана Москваялда, «Крокус Сити Холл» дармил централда гьабураб терактaлдалъун гIумруялдаса ратIалъарал гIадамал ракIалде щвезариялдалъун.

Хадур цере рахъана щибаб партиялъул фракциязул вакилзаби. Мисалалъе, КПРФялъул вакил Самир ГIабдулхаликъовасул рахIатхвезабулеб бугоан чIунтулел росабаз. Гьединлъидал гьесда лъикIаблъун бихьулеб буго магIарухъ ругел росаби церетIезариялъул рахъалъ хасаб федералияб программа къабул гьабеян тIалъиялде ахIи базе.

«Справедливая Россия» партиялъул вакил Мурат Пайзулаевас кIвар буссинабуна гIун бачIунеб гIелалъул рухIияб рахъ къойидаса къойиде нахъе кколеб букIиналде. Гьезие букIине кколеб тарбия кьолел ресал хIажат ругин абуна гьес.

«Единая Россия» партиялъул вакил Ильяс Мамаевас бицана гIолилазул сахлъи цIунизе ккеялъул хIакъалъулъ.

Гьесул рагIабазда рекъон, гьабсагIаталда республикаялда буго лъимал гIемераб 125 000 хъизан. Амма гьенир гIолел ругел лъималазул 40 проценталъе квалквал букIине рагIула хадубккун наслу лъугьиналъе. Щибаб лъимадул ургъел гьабизе тIадаб бугин нилъедаян кIалъана Мамаев.

Хадурги сессиялда цIакъ интересал кIалъаял рукIана. Масала, республикаялъул МВДялъул министр ГIабдурашид МухIамадовас рехсана кIвар бугел хIужаби.

Гъоркьиса республикаялда ккечIо цониги теракт, амма тIатинабун буго террористазул щуго руккел. Гьенив 17 чиги ккун вуго. Гьезул анкъо чи мукIурлъун вуго гIайибалъе, лъабгоял чIван руго жал кколеб мехалда полициялде дандечIей гьабиялъ.

ТIатинабун буго гIарцудалъун кумек гьабиялъул 12 хIужаги. Гьединго лъикIлъун (ва цIикIкIун) буго цересел соназда гьарурал такъсирал рагьиялъул иш. Гьедин полициялъ рагьун буго 10513 такъсир, гьезул 571-яб ккола церегIанго ккарал закон хвезабурал пишаби.

*(Хадусеб 2-аб. гьумералда)*

МАГIАРУЛ БАСМАЯЛЪ - 107 СОН

### «Дицаги байбихьана газеталдасан»



6 гьум. >>>

РАКЬЦОЯЛ

### РикIкIад вугониги, ракI - ватIаналда



11 гьум. >>>

МУГIАЛИМ

### Лъималазда ва школалда бухьараб гIумру



14 гьум. >>>

# Депутатазул тIил: чIунтулел росабазде, унтарал лъималазде ва ришватчагIазде

*(Байбихьи 1-себ гьумералда)*

Социалиял гьиназда экстремизмалъул магIна бугел материалал тIиритIизариялда бан гьабун буго административияб 308 дело.

Гъоркьиса Дагъистаналда тIатинабун буго бальго ярагъ гьабулеб микьго цех.

ДРялъул Халкъияб Собраниялъул нухмалъулев Заур Аскендеровас министрасда гьикъана кьаси-кьаси шагьаралда машинаби хъамизарун, гIадамазул рахIатхвезабулел чагIазул хIакъалъулъ. ГIабдурашид МухIамадовас жаваб кьуна жидеца гьел тIатинарулел ругила. Гьединго хъуй тIагIинабизелъун цо-цо гIолохъабаз алатал батIиял лъун, машинабазул гIуцIиги хисизабулеб бугила.

Жибго гьел нухазда кколел аварияздалъун, гьединго транспорт бачунаго закон хвезабиялъ нилъер гьаниб гIадамазе лъабго миллиард гъурщил зарал ккун буго.

Гьединлъидал нухаздасан унаго, автотранспорталда хадуб халкквезелъун 36 млн гъурщиде беспилотникал росизе аукцион лъазабун буго республикаялъул Транспорталъул министерствоялъ.

Цойги лъикIаб пикру загьир гьабуна сессиялда министр ГIабдурашид МухIамадовас – нухазда хIалкъай лъугьинаредухъ, кIуди-кIудиял дармил централ ва гьелда рельлъарабщинаб шагьаразул рагIалде рахъизе, гьединго ракьуда гъоркь парковкаби гьарулел гьечIони, гьанжеялдаса хадур гIемертIалаял минаби разе изну кьунгутIизе.

Жидее щолеб хайир пачалихъалдаса бальго гьабулел бизнесменаздехунги бугоан министрасул тIасанкIалъай. Гьеб хайир бальго гьабиялъ регионалъул бюджеталде бачIун гьечIо кIиго миллиард гъурущ.

Ришватчилъиялъул микьнусиде гIагарун хIужа тIатинабун буго гъоркьиса нилъер гьаниб. Гьоркьохъеб куцалда кьолеб ришваталъул къадар бахунеб буго 1,4 млн гъурщиде.

ХIисабкьеялъул палатаялъул нухмалъулев Билал ЖахIбаровасги бицана гьезул хIалтIухъабаз гъоркьиса пачалихъалъул анлънусидаса цIикIкIун идараялъул халгьабунилан. Гьенир гьарурал гьалмагъиараздалъун 7 млрд 895, 4 млн гъурщил пасалъи ккун буго.

***Ашахан ЮСУПОВ***

# Мигрантал: тIалаб кьваризабулеб буго

**Москва областалда бугеб «Крокус Сити Холл» дармил централда ккараб теракталдаса хадуб улкаялдаго тIоритIулел руго терроризмалдаса цIуна-къай гьабиялъул тадбирал. Хасго кьватIисел улкабаздаса рачIунел мигрантаздехун тIалабал кьваризарулел руго. 2023 соналда нилъер республикаялде кьватIисел улкабаздаса вачIун вукIана 33437 чи, тIадвуссун ана 31 азаргогIанасев чи. ХIалтIизе яги цIализеян абун рачIуна гьел. Республикаялде хIалтIизе рачIарал кьватIисел пачалихъазул гражданаз цин гIурус мацIалъул экзамен кьезе ккола. Гьеб кьун хадуб гурони гьезие кьоларо хIалтIизе ихтияр бугеб документ, ай патент.**

27 марталда ДРялъул МВДялъул Миграциялъул суалазул рахъалъ управлениялъул нухмалъиялъ мигрантазул экзамен къабул гьабулел цIалул идарабазул вакилзабазулгун дандчIвай тIобитIана. Миграциялъул суалазул управлениялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадовас лъазабуна кьватIисел пачалихъаздаса республикаялде рачIунезе патентал кьеялъул рахъалъ хIалтIул къагIида хисизабизе бугилан. Гьанжеялдаса нахъе мигрантазул экзаменал къабул гьарулел бакIазда гIахьаллъизе ругин Миграциялъул суалазул рахъалъ управлениялъул инспекторалинги абуна М. МухIамадовас.

«Мигрантасухъа экзамен босизе гьечIо Миграциялъул суалазул управлениялъул хIалтIухъанасул гIахьаллъи гьечIого. Нагагь нижер инспекторасдаги бихьичIого патентал кьолел ратани, гьел хIакъикъияллъун рикIкIине гьечIо», - ян лъазабуна М. МухIамадовас.

**Дагъистаналде хIалтIизе ва цIализе кинал улкабаздаса мигрантал рачIунел, щай гьез нилъер республика тIаса бищулеб, гьездаса кинаб пайда бугеб абурал суалал рорхараб макъала батила нужеда «ХIакъикъаталъул» хадусеб номералда.**

***П. СУЛТIАНМУХIАМАДОВА***

# БацIцIадаб лъимгIаги букIунебани...

**27 марталда ДГТУялда тIобитIана лъел мухъазул, хинлъи чIезабиялъул, ЖКХялъул хълулухъазухъ тарифал рахиналъул хIакъалъулъ бицараб дандеруссин. Гьелда гIахьаллъи гьабуна МахIачхъалаялъул администрациялъул хIалтIухъабаз, республикаялъул батIи-батIиял министерствабазул нухмалъулез, жамгIиял хIаракатчагIаз ва бизнесменаз.**

2024 соналда Дагъистаналда цIияб лъим кьолеб ункъо бакI базе бугин бицана гьениб ДРялъул бакIал раялъул, архитектураялъул ва ЖКХялъул министрасул ишал тIуралев **Александр Нестеровас**. *«Гъоркьиса «БацIцIадаб лъим» проекталда рекъон, лъим бачиналъул щуго бакI базе байбихьана. Гьелъул хIасилалда 49 азаргогIан чиясе щвезе буго бацIцIадаб лъим»*, - ан абуна гьес.

ДРялъул Минэнергоялъул нухмалъулев **Марат Шихалиевас** рехсана 2022 соналъул декабралдаса нахъе лъехъ тарифал рахинаричIин абун. Хадусеб, ай тарифал рахинари, планалда рекъон 2024 соналъул бакъулълъиялда букIине бугинги тIаде жубана гьес. Амма данделъиялда ругел бизнесчагIазе рахIат толеб букIинчIо, тарифал церегоялдаса рахинаричIинги абун, гьанже чанго нухалда гьел цIикIкIинариялъ. Гьезул разилъи гьечIолъи бихьидал, кIалъазе рагIи босана «Единый оператор» АОялъул генералияв директор **МухIамадхIажи Шапиевас.**

- *Цогояб оператор гIуцIиялъе сабаблъун ккана коммуналияб гIуцIиялъулъ ругел гIунгутIаби лъугIизаризе хIажат букIиналъ. Хадубккунги гьаб хIалалда хIалтIизе рес букIинчIо. Нужедаги бихьулеб батила бугеб ахIвал-хIал. Цо кьоялъ МахIачхъалаялде бачIуна 300 азарго куб лъел, гьелъул 40 процент араб бакI лъачIого тIагIуна. Каспийск, Избербаш гIадал шагьаразда гьадинаб къагIида хIалтIизе байбихьидал, рукIа-рахъиналъул шартIал лъикIлъулел руго*, - ян абуна гьес.

**ПалхIасил, данделъиялда рорхарал суалал рукIана гьадинал:**

*Щай тарифал цIикIкIарал? Жакъа бизнесчагIазда хъинтIаниги, метер гьелъ кьаби щвезабизе бугищ гIадатиял гIадамазда? Щай бачIинахъего тариф цо чанго проценталъ цIикIкIинабураб? Щай гьечIеб банкалъулаб картаялдасан гIарац кьолеб къагIида? Щай бизнесчагIазда цебеккунго лъазабичIеб, счетчикал лъезе рукIине, тарифал рахине ругин абун?*

Гьел суалазе жаваб кьолелъул рехсана, масала, Каспийск шагьар. Тарифал рахинарун хадуб гьениб заман цIан гурони кьолеб букIинчIеб лъим гьанже сордо-кьоялъ букIунила. ЛъикIаб тIадецуй букIиналъ, лъим тIасиял тIалабаздеги бахунила. ЦIияб тарифазда рекъон, гIарацги бакIарулеб бугила нусабго проценталъ. ЛъикIлъизабунила диспетчеразул хIалтIиги.

Гьелдаго цадахъ кватIичIого букIине бугила хIалтIизабураб лъехъ банкалъулаб карточкаялдасан, ай интернеталдасан гIарац кьолеб къагIидаги.

Нормативазда яги счетчиказда рекъонищ лъехъ гIарац кьелебали бараб бугила хважаинасда. Цебе бизнесчагIаз гьеб кIиялдаго гьоркьоса жидеего санагIатаб, амма гIемерисеб нухалда законалда данде кколареб нух тIаса бищулаан. Гьединлъидалин лъел мухъазда авариялги кколел, къачIалеб бакIги «рукъалаби» ран толеб, гьабулеб хIалтIиги щвалде щун гьабулареб. ЖКХялъул мухъазда хадубккунги ахIвал-лъикIлъизабиялъе кьербакъизе бугила гьадинаб къагIидаялъ.

ХIисаб-суал гьабулелъул чIезабула тариф. ГIадатиял гIадамазе чIезарурал тарифал субсидияздалъун тIадруссинаризеги бегьула. Гьединлъидал гIадатиял гIадамазе гьел гIемер цIикIкIине ратиларо.

***П. МУХIАМАЕВА***

## БАРКИ



«ХIакъикъат» газеталъул редакциялъ баркула ДРялъул хIукуматалъул нухмалъулев **ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасда** гьавураб къо.

Гьал захIматал соназ республикаялъул социалиябгун экономикияб ва политикияб рахъ цебетIезабизе гъеж гурун хIалтIулев гьев кидаго вихьула ахикьги, хуривги, халкъалда гьоркьовги. Дагъистаналъул тарихалда гьебхъулухъалда 20-абилевнухмалъулевлъун ккарав ГIабдулмуслим МухIудиновичас жиндирго тIолабго лъайги, жанги, бажариги кьолеб буго нилъер гIумруялъул даража лъикIлъизабиялъе, республикаялъул мадугьалзабазулгун гьоркьоблъи жеги щула гьабиялъе.

Ниж рохарал руго «ХIакъикъат» газеталъулгун гьесул бугеб гьудуллъиялдасаги, халкъалда гьоркьоб гьелъул кьимат борхизабиялъул мурадалда бахъулеб хIаракаталдасаги. Гьарула щулияб сахлъи ва хIалтIулъ бергьенлъаби.

## АхIмадил МухIамадил цIар даимлъиялъул мурадалда

**28 марталда ДРялъул хIукуматалъул минаялъуб тIобитIана ДРялъул халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовасул цIар даим гьабиялъул суал гьоркьоб лъураб данделъи.**

Администрациялъул жамгIиял проектазда хурхун хIалтIи гьабулеб отделалъул нухмалъулев Шамил ГIалиевас бицана Сергей Меликовас кьунин гьединаб тIадкъай, Расул ХIамзатовасул божарав кумекчи, гьесул цIалдохъан, машгъурав шагIир МухIамад АхIмадовасул цIар наслабазе цIунун хутIизе хIалтIи гьабеян.

Щиб гьелда сверухъ гьабизе бугебали «ХIакъикъат» газеталъе бицана МухIамад АхIмадовасул вас, литературиял журналазул бетIерав редактор Мурад АхIмадовас.

«РакIалда буго шагIирасул асарал цIидасан басмаялда рахъизе. Мисалалъе босани, гьесул руго гIумруялъул ахирияб соназда хъварал кучIдуздасан данде гьабураб кIудияб тIехь, жеги басмаялде бахъичIеб. Гьеб биччазе буго. Цоги гьесул буго «МугIрул гIинтIи» абун магIарулги гIурусги мацIазда хъварал асарал данде ракIарараб тIехь. Гьеб басмаялда бахъизе кколаан Москваялда эмен чIаго вукIаго. Амма батIи-батIиял гIиллабазда бан хутIун букIана тIехь биччачIого. Гьединго шагIир хун хадуб биччазе бугеб гьесул асарал данде ракIарараб кIудияб том. Гьеб лъугьине буго М. АхIмадовасул творчествоялъул бицунеб лъикIаб проектлъун».

***А. ЮСУПОВ***

# «Урхъун рукIана ниж гьал асаразухъ»

**22-25 марталда Болъихъ росулъе рачIун рукIана МухIаммад аварагасул асарал ва цо-цо асхIабзабазул тIагIел-алат. Гьезухъ ралагьизе цохIо районалдаса гурелги республикаялъул батIи-батIиял росабалъаги гIемерав чи вачIана. Гьезда гьоркьор рукIана улкаялъул лъабго регионалъул муфтиялги.**



*- Дида гьанже бичIчIана гьижра гьабун авараг вачIиналъухъ гIащикъго ралагьун чIун рукIарал Мадинаялъул гIадамазул рекIел хIал. Нижги цIакъ урхъун рукIана свалат-салам лъеяв МухIаммад аварагасул асаразухъ.*

*Къаси-къад кьижичIого гьабуна гIуцIарухъабаз хIалтIи. КIал ккун, свакан рукIаниги, щивасул гьурмадаса рохалил ва разилъиялъул гьими камичIо,* - ян бицана районалъул бетIер **Руслан ХIамзатовас.**

Болъихъе вачIун вукIарав **Татарстаналъул муфти Камил-хIазрат Самигуллиница** абуна:

*- РекIее лъикIаб асар гьабула свалат-салам лъеяв аварагасул асарал рихьидал. Гьоркьиса Татарстаналдеги рачIун рукIана гьел асарал. Гьелъухъ кIудияб баркала буго Дагъистаналъул муфтиясе,* - ян.

**Новосибирск областалъул муфти Салим-хIазрат Шакирзяновас**ги бицана лъабго соналъ цебе, АхIмад-афандил кумекалдалъун, жидехъеги рачIун рукIанин аварагасул асаралилан абун.

*- Дунялалъул батIи-батIиял бакIазда цIунун руго МухIамад аварагасул асарал. Гьел жидехъго цIунарал гIадамаз нилъер муфтий АхIмад-афандиясухъе цIунизе росун рачIуна. Аварагасде ва гьесул асаразде дагъистаниязул бугеб рокьи бихьун, аманат хIисабалда росун рачIуна гьез гьел. Гьедин тIадеялдаса тIаде гIемерлъулел руго Дагъистаналда цIунун ругел асаразул къадарги,* - ян бицана асаразул выставкабазул нухмалъулев **ИзрагIил Къебедовас.**

Балъхъадерица нухарегIун хадуб асарал рачIана Хьаргаби районалъул МагIи росулъе. 25-27 марталда гьенибги тIобитIана халгьаби. Росулъ гьеб тIобитIизе хIаракат бахъана ДРялъул бетIерасул кумекчи МухIамад ХIажимухIамадовас.

*- Божизего бачIунеб гьечIо нижер росулъе аварагасул асарал рачIун ругин абураб жоялда. КIудияб баркала буго муфти АхIмад-афандие гьадинаб рес кьуралъухъ,* - ан абуна **М. ХIажимухIамадовас.**

Аварагасул асаразухъ ралагьизе МагIлире рачIун рукIана Палестинаялдаса лъутун рачIарал ва республикаялда чIарал гIадамалги. Гьез бицана гIарабазул улкабаздацин рес щун букIинчIин асарал рихьизеян.

***ПатIимат СУЛТIАНМУХIАМАДОВА***

# Лъимал чияраллъун рукIунаро

**26 марталда тIобитIана Дагъистаналъул интеллигенциялъул конгрессалъул данделъи. Гьеб нухда бачана ДГУялъул ректор ва конгрессалъул председатель МуртазагIали Рабадановас. Гьелда гIахьаллъана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатал, ДРялъул бетIерасда цее йигей Лъималазул ихтиярал цIуниялъул вакил Марина Ежова, республикаялъул гIелмиял институтазул вакилзаби ва жамгIиятчагIи.**

«Улкаялдаго, гьелдаго цадахъ Дагъистаналдаги исанасеб сон лъазабун буго Хъизамалъул лъагIеллъун. Гьелъул мурад ккола умумузул къагIидаялъ гIуцIараб хъизам машгьурлъизаби, лъималазул, хасго бесдалго хутIаразул тIалаб гьаби, захIматаб хIалалде ккаразе кумек гьаби», - ян бицана М. Рабадановас.

Марина Ежовалъул баяназда рекъон, дагъистаниязе бокьулеб гьечIо бесдал лъимал халкъиялде рачине. «Дагъистаниял кидаго рукIана гурхIел-рахIму бугеллъун. Киб къварилъи кканиги, кумекалъе рахъине хIадураллъун. Сириялдаса, Гьазаялдаса лъимал Дагъистаналде рачIиндал, гIемерал хъизамал хIадурго рукIана лъимал хьихьизе рачине. Амма нилъеразго лъималазул рокъоре рехун тарал лъимал хьихьизе рачине инкар гьабула.

ГьабсагIаталда республикаялъул лъималазул рукъзабахъ буго 150-гIанасеб лъимер. ЛъикIаб букIинаан лъималазул гIагарлъиялъ гьел жидехъего хьихьизе рачани», - ян бицана гьелъ.

М. Ежовалъ рехсана Дагъистаналъул ва федералиял стратегиял программабазда рекъон гIуцIарал тадбиралги. Гьединаллъун ккола «Подростки России» (гьелда



гIахьаллъана 25 азарго лъимер), «Родительская гостиная» (гьелда гIахьаллъана 160 идара), «Страна для детей», «Безопасность детства» ва гь. ц.

«18 сон банин абун бесдаллъи тIаса унаро. Интернаталда ругьунал лъималазе захIмалъула хIакъикъияб гIумруялда дандчIвалел масъалаби тIуразаризе. Гьеби хIисабалде босун, хIадурун буго тIолабго гIумруялъ бесдалазда кверчIваялъе кверабакъулеб стратегияб программа», - янги бицана лъималазул ихтиярал цIунулей вакилалъ.

Бесдалазе яги Россиялъул цIиял регионаздаса рачIарал лъималазе кумек гьабизе бокьарав чияс хитIаб гьабизе ккола ДРялъул ЗахIматалъулгун социалияб цебетIеялъул министерствоялде.

Данделъиялда жидерго пикраби загьир гьарун кIалъана Россиялъул халкъазул Ассамблеялъул Дагъистаналда бугеб гIуцIиялъул председатель, «ХIакъикъат» газеталъул бетIерай ректоралъул заместитель З. Ильясов, росдал магIишаталъул университеталъул ректор З. Жамбулатов ва цогидалги.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

## Бикъила - вакъила: кида-къадги…

Республикаялъул лъай кьеялъул министрасул заместительлъун вукIарав Дагир ГIисмудиновасе, судалъул хIукмуялда рекъон, 4,5 сон кьуна. Гьесде гIунтIизабулеб гIайиб буго кIудияб къадаралда гIарацги бикъун, жиндиего ва жиндирго гьалмагъасе ралъдал рагIалда минаби ран ругин абураб.

Гьеб буго 2007 соналда ккараб иш. Гьеб заманалда хIисабалде босун букIана бесдалал ва сакъатал лъимал сах гьарулеб «Надежда» абураб сах гьариялъулаб база къачIазе. Чанго сон ун хадуб Д. ГIисамудиновас гьересидокументал гьарун руго, центр базе гIарац биччанин лъай кьеялъул федералияб проекталда рекъон ва объект балеб бугин абун. ЦIех-рехалъул комиталъул хIалтIухъабазул баяналда рекъон, гьеб гIарац гьес харж гьабун буго жиндаго берцин бихьухъе. ПалхIасил, пачалихъалъе гьабун буго 132,7 миллион гъурущил зарал.

## Гьан хиралъана

Гьоркьиса рукIарал багьабазде дандеккун, цIияб гьанал кило хиралъун буго 22 проценталъ. Масала, январь ва февраль моцIаз 2,5 проценталъ хиралъун буго гьанал кило. Гьединго хиралъун буго гIанкIудал гьанги. ГIилла – инфляция цIикIкIин.

- ХIакъаб жо, кIалбиччанкъоялде жеги хиралъизе руго кванил нигIматал. Гьединаб бугелъулха республикаялда бильъараб гIадат. Щай хира гьабулебин абуни, ричарухъабаз азарго батIияб гIилла бачуна ва гIайибиялги ратуларо, - ян бицана МахIачхъалаялъул №2 базаралде кванил нигIматал росизе ячIарай СагIдулагьил Хадижатица.

Цо кидаялиго ЦIадаса ХIамзатица хъван букIана: «Щибаб жо гIемерлъанагIан гIадат буго учузлъулеб…», - абун. Амма мегIер-гIалах цIун гIиял рехъабиги, боцIи-панзги, гIанкIабазул фермабиги ругониги, гьан ва цогидаб хиралъиялъе аслияб гIиллалъун цо-цо экономистаз рехсолеб буго улкаялда гьоркьохъабазул гIуцIаби гIемерлъи.

## Мина-рукъ босизе ккани…

Ахираб ункъо-щуго соналда жаниб нилъер республикаялда квартирабазул багьаби цIакъго гьаваялде ана. Масала, 2018-2019 соналда 18 000 гъурущиде квадратияб метр букIун батани, жакъа 80 азаргоялдасаги тIаде ана. МоцIрол харжалъухъ бадире ралагьарал бюджетникал гIадинал чагIазе 5-6 миллионалде квартира боси ккун буго цIакъ захIматаб масъалалъун.

## ЧIезабунищ - кье гIарац

25 марталдаса МахIачхъалаялъул цо-цо къватIазда хIалтIизе байбихьана машина лъураб бакIалъухъ гIарац кьезе кколеб къагIида. Пуланаб бакIалда, масала, №2 базаралда сверухъ ругел къватIазда сагIаталъ машина лъуни, кьезе ккола 50 гъурущ. ГIарац кьезе кколаро 15 минуталъ толеб бугони. Гьеб низам хвезабуразде къотIула 1500 гъурущ гIакIадул.

***Ашахан ЮСУПОВ***

## Ккара-тараб

# Росгвардиялъул хIалтIухъан ва нухазда жаназаби

**Къо бахъанагIан нухазда кколел авариял тIадеялдаса-тIаде гIемерлъулел руго. Масала, цохIо араб анкьалда жаниб ДТПязул хIасилазда республикаялда хун вуго анкьго чи ва гьездаго гьоркьоб цо лъимер. Лъукъа-къотIаразул къадар бахун буго 28 чиясде.**

**РакIгъанцIизабураб лъугьа-бахъин ккана 21 марталда. «Cadillac Escalade» маркаялъул автомобиль речIчIана нух бахунел рукIарал I3 сон барав васасда ва цадахъ йикIарай чIужугIаданалда. Вас гьеб бакIалдаго хвана, гьесул ункъгIал, 1984 соналда гьаюрай гIадан, захIматаб хIалалда больницаялде ккана.**

**Машинаялъул рулалда нахъа вукIарав чи ватана 48 сон барав Росгвардиялъул хIалтIухъан Арис Жафаров. Мехтизеги мехтун машина бачиналъул хIасилалда ккана гьеб балагьаб лъугьа-бахъин. Гьанже гьев жанив тIамун вуго, унеб буго цIех-рех.**

**Гьале гьал къояздаги ккана иргадулаб ДТП. Машина бачине изну цин гьечIев I6 сон барав гIолилас, Турали поселокалда аскIоб, машина речIчIизабуна Тажикистаналдаса 24 сон барав гIолохъанчиясда. Гьобол гьеб бакIалдаго къадаралде щвана.**

## Киредай гIедегIун ругел?

Гьайгьай, гьединал талихIкъарал ишал гьелдалъун лъугIичIо ва лъугIизе ресги гьечIо кигIан нилъее бокьаниги бокьичIониги. Телефоналдеги къулун машина бачунел гIоркьилалги ругони (хIатта саламатаб ригьалде рахаралцин), гьуридул хехлъиялда хъамулелги ругони, кин гьел лъугIизе ругел?

- *Ахираб заманалда гьекъон-мехтун машина бачунел къанагIат гурони рукIунаро. Гьединазе гьабулеб тамихI цIакъго кьваризабун бугелъулха. Амма квеш ккараб жо буго нилъер гIадамазе хехлъи цIакъго бокьулеб букIин. Кинавго чи вуго цо киве вугониги гIедегIун. ГIодоре риччан машина бачине сабур гIолезул къадар дагьаб гурони гьечIо. Гьеле гьединал, хехлъи жидее гIоларел водительзаби сабаблъун кколел руго гIемерисел авариялги,* - ян бицана республикаялъул ГИБДДялъул хIалтIухъан **МухIамад Закарьяевас**.

Гьесул рагIабазда рекъон, чара гьечIого кIвар кьезе ккола нухаздеги. Къаси-къаси нухазда гIураб канлъи букIунгутIиялъги нух бахунел кватIун гурони рихьулел гьечIо. Нижеца газета жанибе кьелалде жеги кIигоги нухалъ гIанси тIун бачIана гьелго мухъазда. Хадубги гIанси тIун бачIине хIинкъи бугеб хIалалъ бугин гьениб ишилан хъвалеб буго социалиял гьиназда.

Рулалда нахъа рукIаго мобильнияб телефоналъ кIалъалел ратарал гIадамазда хадубги халкколеб буго республикаялда. Видеофиксациялъул кумекалдалъун тIатинаризе руго гьел. Телефоналъ гаргадулев ватарав чиясде къотIизе буго I500 гъурущ гIакIадул. Гьединлъидал цIодорлъи гьабе ва машина бачунелъул цере ралагьун баче.

Ахираб заманалда кьваризабулеб буго машина бачунелъул рачел баялъул ишги. Киса-кирего лъолел видеокамерабазул къадар цIикIкIунебги буго. ГIакIаби, протоколал, рокъоре рачIунел приставазул кагътал. Къокъго абуни, ГИБДДялъул рахъалдаса машина бачунезда хадуб хъаравуллъи къо бахъанагIан цIикIкIунеб, щулалъулеб буго. Амма квеш ккараб жо буго, гьелдалъун автоавариязул къадар дагьлъулеб гьечIолъи. Аллагьасул хIукмуялдаса рорчIизе бакI гьечIеблъи лъала, амма нужеего цIодорлъи гьабейин БетIергьанасги абун бугелъул, цоги нухалда гьарула цIодорлъи гьабейин, машинаби хъамугейин абун.

ХIурматияв водитель, гьабсагIат дуда аскIов гIодов чIун вугев чиясул гIумруялъул жаваб кьолев чи вуго мун, гьев дур машинаялдаса гъоркье рещтIинегIан. Гьединабго жавабачилъи буго дур дудаго цебеги. Дурги руго рокъор ралагьун чIарал лъимал, эбел-эмен, хъизан, гIагарлъи ва гь.ц. Гьединлъидал пикру гьабе.

Аллагьас, лъикIаб гурони, хабар рагIизе хъван батугеги, нухда кколел балагьаздаса цIунун хутIаги. Амин.

## Анкьракьалъул мугIрузда гIазуца бачунеб наку

ГИБДДялъул хIалтIухъанас бицухъе, хIакъикъаталдаги, нухазда ахIвал-хIал расги лъикIаб гьечIо. Хасго мугIрузул районазда, масала, ЛъаратIа, БежтIа ва ЦIунтIа мухъазда гIунсби тIун шагьранухал къан, машинабазе хьвадизе рес гьечIо.



ЦIунтIа районалда цIидасанги гIанси тIун бачIинчIони, 27 марталдехун нух гIаздадаса бацIцIад гьабизе кIвелин бицана нухазул хъулухъалъул хIалтIухъабаз. «БежтIа-Кьадал» шагьранухдаги буго гьебго хIал. Гьенибеги тIун бачIараб гIансиялдаса нух кида бацIцIад гьабун бахъинеба-

*Ашахан ЮСУПОВ*

## Дандерижи

# Лъицаха мацI хвезабулеб бугеб?

**2024 соналъул I5 марталда къватIибе бачIараб «ХIакъикъаталда» бахъун букIана «Закон къабул гьабуни, хIакъикъат хисиладай?» абураб макъала.**

**Гьелда тIасан бокьун буго цо гьадинаб пикру загьир гьабизе. Масала, жиндир хIал алжаналъуб батаяв ГIабдугъапурил МухIамадица цо вагIзаялда абулеб букIана исламияб дин жагьилав чияс хвезабуларин. Гьеб хвезабулин лъай бугел, цIаларал диниял церехъабазилан абун. Гьелдаго релълъун магIарул (рахьдал) мацIги хвезабула гьеб рахъалъ лъай бугелин рикIкIунел гIалимзабаз.**

**Щай дица гьедин абулеб бугеб? Щайгурелъул, жалго берцин рихьизелъун, гIелмиял тIахьал хъвазелъун, цIарал щвезелъун хабар бицунел ва хъвалел рукIун гурони, мацI цIуниялъе гьез гьабулеб хIалтIи гьечIолъиялда бан. Масала, кIиабилеб классалъе биччараб Авар мацIалъул тIехьалда хъвалеб буго кIкI; кк; чIчI; чч; цIцI ва цогидалги гьединалго хIарпазда геминанталин абулин. Дун цIаларал 1959-1969 соназда нижеда школалда малъулаан гьел кIирекъарал хIарпал кколин абун. Гьединал мисалал, гъорлъе раккани, жеги гIезегIан ратиялда щаклъи гьечIо.**

**Гьенибгицин чияр мацIалъул рагIи бугIун буго магIарул мацIалде гъорлъе ва цо лъие бугониги гьелда тIасан хъвараб хIалтIухъ щун батила цIарги.**

**Дица гIадатиял мисалал рачаниги, гьанже нужецаго хIисаб гьабеха лъица магIарул мацI хвезабулеб бугебали?**

***ХIайбула ГIАБДУРАХIМАНОВ,***
***Гумбет район, МелъелтIа росу***

## Редакциялъул рахъалдаса

ХIайбула ГIабдурахIмановасул кагъат нижеца битIана Дагъистаналъул педагогиял гIелмиял цIех-рехазул институталъул гIалимзабазухъе. Рахьдал мацIазул секторалъул нухмалъулев, магIарул мацIалъул цIалул тIахьазул автор, филологиял гIелмабазул кандидат ХIайбула Вакиловас бачIана гьадинаб жаваб: *«Дун хIикмалъизавуна кагътил авторасул пикруялъ. Бихьулищха, мацI цебетIезабиялъе квалквал гьабулел чагIилъун рукIун руго къаси-къад чIечIого гьелда тIад хIалтIулел гIалимзаби!*

*Щуабилеб классалъе МухIамад МуртазагIалиевас хIадурараб цIалул тIехьалда цебего хIалтIизабулаан «геминантал» абураб рагIи. Гьеб кIиабилеб классалъул тIехьалда лъурав дун кколев вуго гьанже мацIалъул тушман. Араб гIасруялъул 60-абилел соназда рахъарал тIахьазда гIелмияб гъалатI биччан букIун батани, гьанжесел тIахьазул авторазул ихтияр букIунарищ гьеб гъалатI битIизабизе? ХIарпазул гуребги, гьаркьазулги бицине ккола школалда. Геминантал ккола гьаркьал. МагIарул мацIалда буго ичIго геминант. Хъваялъулъ гьел рихьизарула кIирекъарал хIарпаздалъун. Алфавиталда геминантал кьун гьечIелъул, гьезул хIакъалъулъ бицине байбихьула кIиабилеб классалда. Гьелъул мурад буго хIарпал хъвазе гурелги, гьаркьал битIун рахъизеги хъвайхъвагIаялъулъ гьел битIун хIалтIизаризеги лъимал ругьун гьари.*

*МацIалъул хIакъалъулъ гIелмуялда дунялалдаго хIалтIизарулел терминал магIарул мацIалъул грамматикаялда хIалтIизариялъулъ гуро нилъер рахьдал мацIал тIагIиналъул хIинкъи бугеб. Гьелъие чанго гIилла буго. Масала, бокьараб магIарул росулъ лъималазул ахикье хьвадулел, ай жеги школалъул нуцIа рагьичIел лъимал цоцазда кIалъалел руго гIурус мацIалда. Гьелъиеги гIайибиял гIалимзабийищха ругел? Гьединаб даражаялде мацI ккезабуна нилъеца, тIолго магIарулаз, ай лъай бугезги гьечIезги.*

*Газеталда бахъараб макъалаялда бан, гьадин абила дица: I0 закон бахъаниги, кинабгIаги хиси-баси букIине гьечIо. МацI цIуниялъе къваригIун буго хъизамалда гьеб мацIалда кIалъазе, рокъоб лъималазда рукIа-рахъиналъул мацIниги малъизе»,* - ян.

## ЦIидасан Америка рагьизе кколаро

МелъелтIаса ХIайбула ГIабдурахIмановасул кагъат цIалидал бичIчIана мацIалъулгун адабияталъул гIалимзабиги «ХIакъикъаталъул» хIалтIухъабиги «мустахIикъаб хIухьбахъиялде» ине кколеблъи. Бажарулеб гьечIелъулха мацI цIунун ва гьеб цебетIезабун. БатIиял мацIаздаса рагIаби хIалтIизарулел ругелъулха. Мактабищ абилеб, школайищ? Учителищ, мугIалимищ? Кинаб хIалтIизабуниги, магIарул рагIаби гурелъулха гьел. Цо заманалда магIарулазул пуланаб къокъаялъ байбихьун букIана рахьдал мацI бацIцIад гьабиялда тIад хIалтIизе. **Холодильник** гурила – **цIорозильникила, телефон** гурила – **гаргадиройила**… Холодильникалъул бакIалда цIорозильник босулеб батани, гIурус суффикс (гьале цоги гIурус рагIи!) щайха босулеб? Кире арал пуруцги, герелоги, перелогун къебелъиги ва цогидал рагIабиги? Нужер лъималазул мацIалъулъ дандчIвалел ругищ **кьохорхогун бугьун**, яги **гъецIгун цIилицI**, ялъуни **хинкIбахъгун раса-гел**? Гьезул бакI щулаго ккун буго каталкаялъгун пылесосалъги тазикалъги. Гьеле нилъ ургъизе ва нилъеца чара гьечIого тIубазе кколеб масъала. ЦIидасан Америка рагьулел рукIинчIого, умумузухъан щвараб мацIалъул мискинлъулеб бугеб хутIелниги цIунизе ккела, магIарулал!

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# Халкъ цолъизабураб «чIегIераб» къо

**Гьединаблъун ккана Россиялъул цIияб тарихалда гьаб соналъул 22 март. ВахIшияб, щибниги гIайиб гьечIел гIемерал гIадамал гIумруялдаса ратIалъараб цоги балагь бачIана нилъеде тIаде. Лъималгун, руччабигун I43 чи хвана Москва областалъул Красногорскалда «Крокус Сити Холл» концертазул залалда террористаз гьабураб балагьаб лъугьа-бахъиналъул хIасилалда. 200-ялде гIагарун лъукъарал ккана больницабазде.**

**Гьеб къварилъиялда бан Россиялъул президентас халкъалдехун гьабуна хасаб хитIаб. «Щал гьел ратаниги, гьезул щивасе гьабизе буго букIине кколеб тамихI», - ан абуна В. Путиница. Россиялъул президентасде зигара бан кIалъана гIемерал хIукуматазул бутIрул.**




## ГIадамал чIвай гуреб, гIилла гьечIеб балагь

Цебе-цебе терактал гьарулаго, гьеб гIуцIулез лъазабулаан жидерго тIалабазул хIакъалъулъ. Гьел рукIунаан аслияб куцалда политикаялда хурхарал.

Гьаб нухалда такъсирчагIазул гьединал тIалабал рукIинчIо. ГIицIго хIажат букIана кигIан кIваниги гIемерал гIадамал чIвай. Щунусазарго гъурущалде концерталде рачIун, залалда гIодор чIун ругел гIадамазде гуллил цIад базабизе кIолеб гIадаб гIакълуялъул гIадамал дунялалда ругебгIан заманалда нилъер жамгIияталда гIодобебиччай букIинаро. Гьединлъидал киса-кибего цIодорлъи гьаби тIадаб борчлъун къабул гьабизе ккола.

Щайгурелъул бихьулеб буго гIадамасул сипаталда ругел гьел гIалхул жанаварал, цебего гьениб ярагъги бахчун, такъсир гьабизе цIакъго лъикI хIадурлъун рукIин. 7 марталда гьениб букIараб концерталдаги рукIун руго гьел террористазул цо-цоял (суратазда рихьула). Гьелъ бицуна гьез хIадурлъи гьабулеб букIиналъул. 2002 соналда Норд-Осталда ккараб терактальулги букIана гьединаб, цебеккунго гьабураб хIадурлъи. ГIажаиблъи гьабизе ккараб жо буго гьединал тушбабазе кумек гьабизе хIадурал гIадамал нилъеда гьоркьор ратиги.

## ГIайиб рехизе гIадамал Западалъ рихьизарулел руго

Теракт «исламистазул» иш бугилан бихьизабизе гIедегIулел руго цо-цо нилъер «гьудулзаби». Америкаялъул информациялъул алатаз, цIогьорасул гIадалъ цIайилан абухъего, гьеб вахIшияб иш ккун сагIатгун бащдалдасан щал рукIарал, кинаб ярагъ хIалтIизабулеб букIарабали бичIчIилелдего лъазабуна гьеб бусурбабазул иш бугилан. Бищунго гьениб хIаракат бахъулеб буго Украинаялъ. Амма гьеб пикру мекъи букIин бихьизабула исламистаз гIарцухъ гIадамал киданиги чIвангутIиялъ. Гьел кидаго хIалтIула диналъе, эркенлъиялъе гIоло. Гьелде тIадеги гьез, гIадатлъун билълъухъе, асирлъуде росула гIемерал гIадамал, буюрухъ кьола жидерго тIалабал тIуразе. Гьеб цо. КIиабизе бугони, кIалккун моцIалъ, гьелде щвезегIанги Палестинаялъул бусурбабазул рахъкколеб Россиялда ИГИЛалъул хIаракатчагIаз (пачалихъалда гьукъараб бугониги) гьединаб такъсир гьаби щакаб жо буго. ХIакъикъиял идарабаз цIех-рех гьабун лъугIизегIан балагьизинха.

## Теракт хурхинабулеб буго мигрантазул суалалдаги

Жакъа дунялалдаго кIудияб суаллъун лъугьун буго пачалихъалдаса пачалихъалде гочарулел гIадамазул къисмат. Гьезул хьвада-чIвади кидаго гуро дандекколеб бугеб гьел рещтIараб улкаялъул халкъазе. Лъалеб букIахъе, гьединаб ахIвал-хIал буго жакъа гIемерал пачалихъазда. Россиялде рачIунел мигрантазул суалалда жаниги гIунгутIаби рукIин бихьизабулеб буго Москваялда ккараб гьеб балагьалъ. Гьенир къурбанлъаразул хIурматалда лъурал тIугьдузул гохIал рихьулел руго аскIоб бугеб майданалда. Гьел лъолел руго киналго миллатазул вакилзабаз. Амма гьеб районалда гIумру гьабун ругел, гьединаб жоялъул пикру халгьабулез бихьизабулеб буго гьенире гIурусазда цадахъ рачIанила Кавказалъулал ва цогидалги миллатазул вакилзаби. Гьединго ургъел бикьизе гьенире тажиказул вакилзабиги щвана. «Нижер халкъ хаган хутIизабун буго ккараб ишалъ ва гьелда бан пашманаб зигара балеб буго хваразул гIагарлъиялда» - ян хъван буго гьез тIугьдузда аскIоб лъураб кагътида. Жакъа Россиялде киса, щив вачIаниги, гьесие гражданлъи гIемер захIматго бихьичIого кьолеб буго. Ахирияб щуго соналда жаниб щунусазарго тажиказе кьун буго Россиялъул гражданинасул цIар ва паспорт. Амма кинаб гIамалхасияталъул чагIи гьелали ва цогидалали лъазе бигьаго гьечIо.

## ЛъикIаб букIинаан бетIер унтилелде къан букIарабани

БачIунеб буго цоги суал: терактальул байбихьудаго террористал рекIун рачIараб 668 номерал ругеб хьахIаб «Рено» машина, гьелги рекIун, ГИБДДялъул цониги постальги чIезабичIого, кин араб 350 километралъ Украинаялъул гIорхъодехун? ТIадежоялъе, гьеб машина терактальул бицунел тIоцересел баяназдаго бихьизабун букIана телевизоралдасанги.

Гьелда цересел къояз Россиялъул президент В. Путиница жиндирго кIалъаялда абун букIана, улкаялда бугеб ахIвал-хIалги хIисабалде босун, пачалихъалда терроризмалде данде гьабулеб къеркьей хIалуцинабизе ккелилан. Нилъер кидаго гIадин оц бикьун хадуб къоно чIвай кколеб буго. Амма, кин бугониги, гIемераб заманго инелде террористал кквезе щвей - гьеб буго улкаялъул къуватги бажари бугел гIадамалги рукIин бихьизабулеб гIаламат. Амма лъикIаб букIинаан, магIарулаз абухъего, унтилелдего бетIер къан букIарабани, ай гьелде тушбаби хIадурлъулел ругеб мехалдаго къватIир чIвазарун рукIаралани.

## Хъабчилъги ратула бахIарзал

Халкъал цолъиялъул, цоцазе кумекалъе рахьине бугеб хIадурлъиялъул мисалал рижун рачIана гьаб лъугьа-бахъиналдаги. Рохизе ккараб жо буго террористас жиндирго автоматалда цогидаб «рожок» лъолебгIан заманалда чIужугун цадахъ вукIарав цо бихьинчияс, квегIаб рахъалдасан террористасде тIаде кIанцIун, кьабун гIодов ккезеги гьавун, гьесул кодоса ярагъ батIагьабиги. Гьединал бахIарчиял гIадамал рукIин буго нилъер чIухIи. Гьелде тIаде къварилъиялде ккаразе кумекалъе рати буго жегиги хвечIого чIаго бугеб нилъер гIадат.

Москва шагьаралъул ва областалъул нухмалъулез къварилъиялде ккаразе кинабго рахьалъан кумек гьабулеб буго, гьелда гьоркьоб гIарцулги. Красногорскиялъул мажгиталда рагьун буго рухIияб кумекалъул бокIонги.

Авиакомпанияз гIарац босичIого рачунел руго къварилъиялде ккарал хъизамазул гIагарал.

Россиялъул цо-цо банказ лъазабуна гьез росун рукIарал кредитал тIаса рехизе ругилан.

Таксистаз, гIарац босичIого, рокьорокьоре, больницабазде гIадамал щвезариги буго нилъер Россиялъул жамгIияталда бугеб лъикIаб хасият.

Гьединго лъукъаразе би кьезе гIадатиял гIадамаз гьабураб жигарчилъи бихьараб мехалда ракI бохула.

«Крокус Сити Холл» идараялда гардеробалда хIалтIулев вукIарав, кьвагьиялъул ахIи-хIур бахъарабго, гIадамазе къватIире рорчIизе кумек гьабурав гьиргъизияв, 8 классалъул цIалдохъан Ислам Халиловасул бицунеб буго Россиялъул информациялъулал алатаз. Гьев, гIумруялъул I5 сон бугев гIолилас битIараб нухдасанги рачун, кодоб букIараб кIулалъ цогидаб нуцIаги рагьун, нус-нус чиясул гIумру хвасар гьаби буго унгоунгояб бахIарчилъиялъул мисал.

## Теракатазде данде цIодорлъиялъул цо-цо дарсал

Гьеб лъугьа-бахъиналъ нугIлъи гьабулеб буго, цо бугони, кигIанго гIемераб хIалтIи терроризмалде данде къеркьолаго гьабун батаниги, гьеб гIей гьечIеб букIиналъе. Щибаб коллективалда, хасго школазда, вузазда, гIемер гIадамал ракIарулел бакIазда гьаризе кколел тадбирал рукIине кколеб куцалда гIуцIизе заман щун буго. Нилъин абуни ругьунлъун руго киса-кирего пайда дагьал данделъаби тIоритIиялдалъун гIей гьабизе.

КIиабизе, теракт гьабурал такъсирчагIи тажик миллаталъул ратидал, нилъер миллатал гIемераб жамгIияталда раккулел руго миллиял миллатаздехун батIиял бераздалъун балагьизе ккolин абулел гIадал пикраби ругел цо-цо «гIакъилзабиги». ТIоцебесеб иргаялда бицунеб букIана Севералъул Кавказалъул ва Гьоркьохъеб Азиялъул халкъазул. Гьел халкъазда гьоркьоб кьал ккезаби - гьеб гуребищха дол теракт гьабизе буюрухъ кьуразул аслиял масъалабазул цояб? Тажиказ гьеб такъсир гьабураб батани, гьенибго нус-нус чи хвасар гьавизе рес батарав дов гьитIинав бахIарчи Ислам гьиргъизияв гурищ? Яги тIурун унел террористал кквезе квербакъарав, гьел ккурал рукъзабазе пачалихъиял шапакъатал кьурав генерал Э. Абачев дагъистанияв гурищ? Халкъазда гIайибал чIвазе, гьел батIияб тайпаялъул ругилан цIарал чIвазе бегьуларо. Гьединлъидал ургъичIого, гьединал пикраби загьир гьари, ритIухъ гьари нилъер цолъи цIуниялъулъ лъикIаб иш гуро.

Ахиралда борхизе бокьун буго киназго бицунеб гьел такъсирчагIазе гьабизе бегьулеб тамихIалъул. Нилъер улкаялда гьечIо чи чIвазе къотIулеб хIукму. Гьезие кьезе бегьула туснахъалъул 24 сон яги гIумруялъго эркенлъиялдаса махIрум гьари. Амма гьелда гIемерал рази гьечIо, гIемерисез абулеб буго гьел чIвазе хIукму къотIизе кколилан. Чиясе чIвазе хIукму къотIиялдаса Россиялъ инкар гьабун букIана нилъ Европаялъул Советалда ругеб мехалда. Амма 2022 соналда Россия гьеб гIуцIиялдаса нахъе ана. Гьединлъидал гIадамаз тIалаб гьабулеб буго гьеб тамихI, Россиялъул Конституционнияб Судалъул жиндир заманалда гьабураб хIукмуги хисизабун, уголовнияб кодексалда цIигьабизе.

Гьеб теракт гьабиялъе аслияб гIиллалъун бихьизабулеб буго Россия хIинкъизабизе хIаракат бахъи бугилан, амма нилъер улка, миллатал жегиги цолъулел, къуваталлъун лъугьунел руго.

*Зикрула ИЛЬЯСОВ*

# «Дицаги байбихьана газеталдасан»

**«КIалъалеб буго МахIачхъала. Москваялъул заман – сагIат анкьго. Нуж гIенеккун руго цIиял харбазухъ».**

**Гьединаб каламалъ йорчIизаюлаан дун гьитIинаб мехалда. Радал школалде ине сагIат лъазе заманалъухъ балагьизе кколароан, сагIат гIадин хIалтIулеб букIана радио ва гьениб магIарул передача байбихьулеб заман киназдаго лъалаан.**

**ПатIимат Рамазанова. Республикаялъул «Дагъистан» телерадиокомпаниялъул, магIарул радиоялъул диктор, Россиялъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан. «МагIарулазул Левитан» абураб тIокIцIаралда гъоркь машгьурлъарай, гIумру магIарул радиоялъе кьурай, 62 соналъ гьираялда магIарулал радиоялъухъ гIенеккизе тIамулей йикIарай чIужугIадан.**

**МагIарул радиоялда гурейги, нилъерго миллияб газеталдаги хIалтIана ПатIимат. 3 апрелалда 107 сон тIубала тIоцебе магIарул мацIалда газета бахъизе байбихьаралдаса. ПатIиматил эмен МухIамад Байсунгъуровги, гьелъул бетIергьанчи Рамазан Рамазановги, 1940-абилел соназул ахиралда жийго ПатIиматги хIалтIана «МагIарул большевик» газеталда. Редакциялда хIалтIарал соназул хIакъалъулъ гIезегIан ракIалдещвеял ратилин абун, нижги щвана ПатIиматихъе гьоболлъухъ.**

**Дагьаб цебегIан (12 февралалда) гIумруялъул 92 сон баниги, бусаде ккечIого, берцинаб гIакълу-лъаялда, добго берцинаб гьаракьгун, хIеренаб гьимигун ятана ПатIимат.**

**Газеталъул хIакъалъулъ ракIалдещвеязул цIехолаго, цIакъ ракI къварилъана гьелъул. ХIарп гьоркьоб течIого цIалулаанин газета, цебе гIадин гьеб цIализе канлъи бихьуларого йигин кIалъана. ГIисинго хъвараб текст бихьуларого, цо-цо мехалда суратазухъ балагьун ва бетIералда хъвараб цIалун бичIчIулин сундул хIакъалъулъ жаниб хъван бугебалиян бицана.**

- Араб гIасруялъул лъебергабилел соназдаса нахъе магIарул газета нижер хъизамалъе лъугьана хиси гьечIеб гьудуллъун ва гIакълучилъун. Гьелъие гIиллалъунги батизе бегьула гьитIинаб къоялдаса нахъе нижер рокъоб газеталъул, гьелда рахъарал материалазул хабар гIемер кколеб букIинги. Дир эмен Байсунгъуров МухIамад газеталда хIалтIулев вукIана КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьизегIанго. Гьес росдал магIишаталъул хIакъалъулъ хъвалаан.

Цин эмен рагъде вачунев вукIинчIо. ХIалтIизе чи къваригIунин абун хIалтIуда чIезавун вукIана. Эмен живго чIечIо, киналго бихьинал рагъде араб заманалда жив щай гьанив вукIине кколевинги абун, ана. Рагъ лъугIун хадув тIадвуссиндал, цо анкьгIан заман рокъобги бан, гьев редакциялде тIадвуссана.

**- ГьитIинай гIадан йикIун йигоха мунги редакциялда хIалтIизе ячIараб мехалда?**

- Эменгун цадахъ шагьаралда йигей дун (эбелги яцги росулъ кIодода аскIор рукIана), анкьабилеб классалда цIалулей гIадан, школалдаса ячIунаго редакциялде унаан. Инсуца абулаан мунго рокъой чIечIого, рекIелгъеялъе редакциялде ячIайин. Гьедин гьениб бихьана текст бищулеб куцги, кагътал къачIалеб къагIидаги, гьезухъ балагьун дунги ругьунлъана дагь-дагьккун. Микьабилеб классалда цIалулаго дун цадахъго редакциялдаги хIалтIулей йикIана.

Дица бачIараб почта дандбалаан, кагътал отделазде рикьулаан. КIудияб интерес букIунаан рада-радал тIоритIулел летучкабазул. Гьениб гьоркьоб лъолаан къватIибе биччазе бугеб газета, биччан аралда ккараб тохлъи, кIудияб кIвар кьолаан газеталъул мацIалде, шрифталде ва гIемераб цогидалде.

**- Щал рукIарал доб заманалда цадахъ хIалтIулел?**

- Гьенир хIалтIулел рукIана Загьид ХIажиев, Асадула МухIамаев, Хочо ХIамзатов, МухIамад Шамхалов гIадал ригьалъги гIакълу-лъаялъул рахъалъги камилал журналистал. Масала, Асадула МухIамаевас бищун цIикIкIараб кIвар кьолаан мацIалде. Литературияб мацIалда абулареб рагIи газеталда биччалароан. Асадулагьица гIемер абулаан газеталда, тIахьазда ва радиоялда букIине кколин литературияб мацI. Хадурккун штатал гIатIид гьаруна. Гьенире рачIана ДибирхIажи Дибиров, ХIусен ХIажиев, МухIамад Сулаев, Шигьабудин ГIалиев, ГIисалмухIамад ГIалиев, МухIамад ТIагьиров, Жамал МухIамадов, ПатIимат ГIусманова, Хадижат ХIамзатова, ПатIимат Айтберова, ХIалимат Жамалудинова ва гIемерал цогидалги.





ПатIимат ва Рамазан Рамазановал

**- Газеталда йикIарай гIадан, кин мун радиоялде ккарай?**

- Редакциялда хIалтIулаго, лъана дида гIемерал поэталги хъвадарухъабиги.

Машидат Гъайирбекова йикIана радиоялда хIалтIулей. Цо къоялъ редакциялдеги ячIун гьелъ абуна жий Москваялде ине кколин, жиндир бакIалда хIалтIизе радиоялде йилълъинарищин абун. Гьедин ккана радиоялде, жеги школа лъугIичIей гIадан. Газеталда ва радиоялда хIалтIиги, жеги лъугIичIеб школаги – гьедин цояб хIалтIудаса цоялде екерулаан дун.

АнцIго классги лъугIун цIализе лъугьана руччабазул педагогикияб институталде физикаялъул ва математикаялъул факультеталде. Гьеб цIалиялъ дие гьабизе жо гьечIеблъи бихьидал, цIализе лъугьана ДГУялъул ФДФалде.

ГIемер кколаан байбихьуда радиоялдаса нахъе инин абун. НурмухIамад АбихIасановас ва цадахъ хIалтIулез абулаан лъикI лъугьунеб бугин духъа гьаб хIалтIи, нахъе унгейин. Машидатги тIадюссун ячIинчIо, дунги радиоялда хутIана гIумруялъго.

**- Дур бетIергьанчи Рамазанги хIалтIун вуго редакциялда. Гьенирищ лъарал цоцазда?**

- Рамазанги дунги цоцазда лъана эмен армиялдаса вачIиндал. Эмен вачIиндал, данделъи букIана рокъоб. Нижехъе рачIана цо гIисинал васал, гьез инсуда абуна Рамазанги отпускалъ вачIанин абун. Инсуца гьев нижехъего ахIана. Дида щивалицин лъалев вукIинчIо. Гьеб сордоялъ дун йихьигун, гьес жиндирго эбелалда абун буго гьай яс киего йиччазе бегьуларин. Дун гьеб заманалда цоги васасе абунги йикIана, дида гьевги щивали лъалароан. Рамазаница жинцаго гьев васасулгун ригьинги хвезабун, жиндиего абизеги тIамун, данделъана ниж. Жиндие щибго хIажат гьечIин, цIализеги тIамуна гьес дун.

Редакциялда хIалтIиги, радиоги, тIоцебесеб курсалда цIалиги, росасе инги цадахъ букIана дир.

Рамазанги байбихьуда хIалтIулев вукIана Гъизилюрталда. Хадув гьев редакциялде хIалтIизе лъугьана, гьес хъвалаан спортивияб темаялда макъалаби. Гьес хъвалин абуниги, макъалаби гьесие гIоло дица хъвалаан (елъулаго).

Хъвазе гьесда лъикI лъалароан, магIарул мацI бицине лъаниги, хъвазе лъикIав вукIинчIо (живго гьев Хасавюрталда гIун вукIаралъул). ГIумруялъул завалалда къадаралдеги щвана гьев, рагъда щварал ругъназ рахIат течIого.

Кие дун кканиги, лъикIал гурел гIадамалги дандчIвачIо дида. Газеталъул редакциялдаги рукIана цIакъ лъикIал гIадамал, радиоялдаги ратана гьединалго чагIи.

Радиоялда 62 соналъ ракIбацIцIадго хIалтIиги гьабун, 2012 соналда ПатIимат мустахIикъаб хIалхьиялде ана.

ХIалхьиялда йикIаго, гьелъ гIезаруна лъималазул лъимал ва гьанже гьезулги лъималазе хIеренай кIудияй эбел йиго ПатIимат.

*ПатIимат МУХIАМАЕВА*



«МагIарул большевик» газеталъул хIалтIухъаби. 1949 сон

# Борхалъиялъул 110-абилеб хIокI

**Дагъистаналъул консервазул трестазул нухмалъулев, КПССалъул Дагъобкомалъул секретарь, ДАССРалъул Совминалъул председателасул заместитель, Совнархозалъул председатель, ДАССРалъул хIукуматалъул председателасул тIоцевесев заместитель, ДАССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул председатель – гьеле Шагърудин Шамхаловасул хIалтIулаб биография. Амма дие жакъа гьелъул хIакъалъулъ гуро хъвазе бокьун бугеб. Гьелъул хIакъалъулъ гIемер хъвана. Бокьун буго рагьизе гьев хIикматав инсанасул гIаданлъиялъулги гIадатлъиялъулги гIамалал.**

**Исанасеб сон Хунзахъ районалда лъазабун буго Ш. Шамхаловасул ЛъагIеллъун. Бокьун буго гьелде кавуги рагъулаго, росуцоясул хIакъалъулъ дирго пикраби загьир гьаризе.**



**Шагърудинил цIва**

**Дир гIагараб росдал мугIрул тIогъазда**
**ГIолел наслабазе кунчIана дур цIва.**
**Мун - гьитIинаб росдал кIудияв вакил,**
**КIодого хутIана халкъалъе жеги.**

**Шагърудин Шамхалов, цо дур цIар гIела,**
**ТIадегIанлъиялъул мисаллъун чIезе.**
**Дагъистан цIилъизе, гIумру тIегьазе,**
**Дуца тарал лъалкIал гъваридал руго…**

Нижер Шагърудин. Гьадин, рекIелъ кIудияб чIухIигун абула тIанусдерица жакъаги. Гьадин дагъистанияз абизеги мустахIикъав вукIана гьев.

ТIадегIанас, инсан вижулаго, гьесда цадахъ ракьалде битIулеб батула гьесул цIваги. Гьеб цIваялъул хадусеб къисмат бараб букIуна ТIадегIанас гьелъул божел гьабун тарасда – ракьалдагойищ хутIилеб, зобалдаги ракьалдаги гьоркьобищ рещтIен гьабилебали, яги борхалъудасан ракьалъе гвангъийищ кьелебали. Шагърудинил цIваялда жиндирго нух батана. Гьелъ тIаса бищана Борхалъи, яхI-намусалъули, гIаданлъиялъулги, гIадатлъиялъулги. Дица сапар бухьана Шагърудинил цIваялъухъе.

Таргъуялъул хабзал… огь, захIмат букIунеб куцха хобазулгун, заназулгун хабар бицине! Дунин абуни, гьелде некIого ругьунлъана. ХIинкъадго галабиги росулаго, дун щвана Шагърудинил хабаде цее. ХIинкъадго хъвалеб буго заниялда квер. Гьале аскIобго кунчIун цоги цIва – Шагърудинил гIумруялъул гьудул Месей. Цо дагъалго дорегIан – ХIамзатил Расулги гьесул ПатIиматги. ГIагараб хунздерил тIалъи къалъизабураб кIиго цIва, кIиго цIар – Расулги Шагърудинги.

Борхалъудасан гьимулеб буго цIва – Шагърудинил цIва. Къадгицин гIадамазе гвангъун хутIун бугеб хIикматаб цIваялъ, гIанабиги чурулаго, гирун унел дир магIил гаразе салам кьолеб буго. Гвангъун буго Шагърудинил цIва, гIемергIаркьалабазул гIажаибаб цIва. Дида кколеб буго, щвеладай дун, масала, гIадамазда ракIалде 50-I00 соналдасанилан, рехселадай адаб-хIурматалда дирги цIарилан абун. Гвангъиладай дир цIва, щвеладай гьелъухъе гIадамал, гьимиладай гьеб гIаламалъе?! Унго, кIвелародай дир цIваялдаги цо гьитIинабгIаги борхалъиялде бахине!

> Шагърудинил цIваялъ мукIур гьабуна щивасул анищлъун букIунеб борхалъи. Борхалъудасан гьелда нух батана Шамхалов лъалевщинасул рекIелъе. Даимлъиялде араб цIар. Ракьалда тарал гвангъарал лъалкIазул цIидасанги бицунеб буго… Гвангъун буго Шагърудинил цIва… Унго, долъул берцинлъи!

КенчIолеб буго Шагърудинил цIва. Дица цIваялъулгун кIалъай гьабулеб буго – согIаб гIумруялъ хьухьараб Шагърудинил къисматалъул маржаназда соназ хуна цоги чIум – нусиялда анцIабилеб чIум. II0 чIум, жиндир щибалъул хасаб тарих бугеб.

Гьале тIоцебесеб чIум – жиндирго цIвагун Шагърудин ракьалде вачIараб къо. КIиабилеб…, анцIабилеб…, анцIила щуабилеб… - захIматаб лъимерлъи, бесдаллъи, лъималазул рукъ…, гьединаб го балугълъи. Лъеберабилеб…, кIикъоабилеб…, кIикъоялда анцIабилеб…- гIагараб халкъалъул гIумру цIилъизабизе, Дагъистан цебетIезабизе къеркьохъан. Лъабкъоабилеб… - Дагъистаналда Шагърудинил нухмалъиялда гъоркь ралел заводал, фабрикал, стадионал, цебетIун бачIунеб спорт,… спортсменазул бергьенлъаби…

Лъабкъоялда анцIабилеб - хIалхьи лъачIеб хIалтIудаса хадуб мустахIикъаб хIухьбахъи. Шагърудиница гьабунщинаб лъикIлъи рокьул куркьбазда гьесухъего тIадруссун рачIунел талихIал лахIзатал. Нусабилеб…, ва ахиралдаги - нусиялда анцIабилеб – Шагърудинил цIваялъ мукIур гьабуна щивасул анищлъун букIунеб борхалъи. Борхалъудасан гьелда нух батана Шамхалов лъалевщинасул рекIелъе. Даимлъиялде араб цIар. Ракьалда тарал гвангъарал лъалкIазул цIидасанги бицунеб буго…

Гвангъун буго Шагърудинил цIва… Унго, долъул берцинлъи!

## Рокъобе нух кIочене бегьуларо

Эбел-инсуцаги росуцоязги гIемер бицунеб рагIулаан Шагърудинил гIаданлъиялъулги гIадатлъиялъулги хIакъалъулъ. Росулъе вачIине кидаго гурелъулха заманги букIунеб букIараб. Амма хвел ккани, гьев росулъе вачIунаан. Нагагь вачIине санагIалъи ккечIони, кида-къадги вачIинчIогоги чIолароан. РакIалда буго, эмен хвараб мехалда, ригьда вачIине рес ккечIиланги абун, дир эбелалъухъе гьев вачIараб къо. Гьесул хабар рагIараб мехалда, бахиллъун йикIана дун.

*- Вай, гьечIеб заманги, гIурабго хIалтIиги, вачIинейищ кколев вукIаравилан эбелалъ абидал, гьес жаваб гьабуна.*

*- Росулъе загараялъ вачIине заманги букIунареб гIумруги щайха. Заманги балагьунлъидал, дун вачIун вугев, - илан хIеренго гьимана гьев. Росдалгун бухьен лъугIизе тани, росдацаги толелъулилан тIадеги жубана гьес.*

ТечIо Шагърудиница росдалгун бухьен. Гьесул лъималги гьезул лъималги гIемер щвана росулъе. Инсуца росулъе малъараб нух къосинчIо гьесул ясазда. Ахирал соназде щвезегIан, гьел рачIунаан росулъе. Гьелги кIодолъун рукIинарищха гьанже. МагIарул мацI лъазабизейиланги абун, бищун гьитIинай Жамиля гьес росулъе цIализе йитIун ячIун йикIана. Ниж, гIисинлъимал, ирга щоларого рукIунаан гьелда аскIор чIезегицин. Нижеда лъалаан гьей МахIачхъалаялда вугев цо кIудияв хIакимасул яс йикIин. Жамиля ячIунеб нухда чIун рукIунаан ниж, гьелде данде рекеризе къваригIун. Гьейги йикIана, эменго гIадай, гIадатияй яс. Ниж карандеги къалаан гьелъ, данде рачIиндал, багьаял конфеталги кьолаан кьойил. Гьел конфетахъе гIедегIулелги рукIун ратиларищха гIисинал нижги…

## Росулъе рачунеб нух аслияблъун хутIана

Гьале дун Шагърудиница гIумру гьабулеб букIараб минаялда цее эхетун. ГIумруялъги гIадамазги кIодо гьавуниги, жиндирго гIакъиллъиялъ гIадатиявлъун, гьитIинавлъун хутIарав инсанасул гIадатаб мина. Эменго гIадай ятана гьесул яс Зумрудги. ГIадатияв гурев инсул хIакъалъулъ гьелъ цIакъ гIадатго бицунеб букIана. Лъабго-ункъо сагIаталъ гара-чIварана ниж.

*- Инсуца нижеда кидаго абулаан ниж, гьесул лъимал, цогидаздаса сундулниги рахьалъ тIокIал гьечIилан абун. Нужеца жиндир цIаралдаса пайда босугейиланги лъазабун букIана гьес. Гьесие бокьун букIана, жиндир цIаралъул кумекалдалъун гуреб, нижерго лъай-гIакълуялдалъун ниж гIадамалъе рахъине, -* ян бицана гьелъ.

ТалихIаб лъимерлъи, кьварарав магIаруласул квакIараб тарбия, гIадамаздехун букIараб жавабчилъи цIикIкIараб бербалагьи, ракIбацIцIалъи - гьеб кинабго кьун бугоан инсуца лъималазе ирсалъе. Зумрудица бицана Шагърудинил лъималазулги гьезул лъималазулги къисматалъул хIакъалъулъ – Тунис, БахIрейн, Китай, Шотландия, Москва, МахIачхъала - гьадин рикь-рикьана нижер къисматал, - илан абуна гьелъ. - Амма аслияб сапарлъунги, гьединго гIумруялъул аслияб нухлъунги нижее киназего хутIана росулъе рачунеб нухги гьенире гьарулел сапаралги. Гьединаб букIана инсул васигат. Эбел даргиний йикIаниги, рокьи магIаруллъиялде цIикIкIана нижер. Эбелалъеги цIакъ бокьулаан инсул гIагарлъиги магIаруллъиги, - ян абуна Зумрудица.

Щвана дун гьединго Шагърудинил кIиабилей яс Зульмирахъеги.

Школалда цIалулей йикIараб мехалда ккараб лъугьа-бахъинги бицана гьелъ:

*- Дир гьудул йикIана гIадатияб хъизамалдаса яс. ГIемер щолаан гьей дида цадахъ нижер доеги. Инсуца хIеренаб мацIги бицунаан гьелъие. Диде семулевго гIадин, гьелдеги семулаан, ккедал. Амма гьелда лъаларолаан эмен кив хIалтIулев вугевали. Киналго жиндирго лъималазда лъазабун букIана гьес гьеб бальго гьабейилан, нижерги гIамал кIодолъичIого букIине гIоло. Цо къоялъ гьудулалъ жиндирго эбелалда бихьун буго нижер лъабазулго цадахъ чIун бахъараб сурат – дунги, гьудулги, эменги – инсуца нижее торт бачIун букIана живго гьавураб къоялде. Гьудулалъул эбел йихха-хочун йиго, батизе рес гьечIила, нилъ гIадал чагIи гьез аскIорегицин къазе риччалел ратиларин абун, сураталда эменги лъан. Ясалда цадахъ нижер гъое ячIана гьей, дун Шагърудинил яс ятиялъе ракIчIеялъе.*

*Гьедин куцана нижелъ инсуца гIадамазде бербалагьи. Гьес бичIчIизабуна нижеда гIадамал ратIа гьаризе бегьунгутIиги. ГIемер бицунаан инсуца нижее жиндирго бесдаллъиялъул, лъималазул рокъоб араб лъимерлъиялъул хIакъалъулъ, -* илан бицана гьелъги.

## Шагърудинил цIваги тIанусдерил цIаги

Хунзахъ тIалъиялъул бищунго борхалъуда бугеб ТIанусисан бихьула Шагърудинил цIваялде данде кенчIолеб бугеб цIа. Гьеб цIадухъ нижер гьудулзабазда батула хинлъиги рокьиги. Гьеб цIадулъе Шагърудиница жубазабуна гIадатлъиги, гIаданлъиги, гурхIел-рахIмуги, гьуинлъиги жанибе бачараб чилъи. КIудияб гьариялде свераараб гьеб цIадуда гъорлъ буго Шагърудинил цIаги, жеги чанги соназ гIадамазе хинлъи кьезе бугеб.

Нижер, Шагърудинил ирсилазул, батIияллъун рукIине рес гьечIо, росдал тарихалъул тIохьол тIанчазда гьес бекIкIун тараб гIаданлъиялъе гIоло. Гьедин ахIулеб буго досул цIваялъги цIаралъги.

ГIумруялъул сухъмахъазул нусиялда анцIго свери. Нусиялда анцIго борхалъи…

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***

# «…Дун гьаб ракьалда йижун йиго чIужугIаданлъун, Гьейлъун йикIинги дие кIудияб талихI буго...»

## Исана 80 сон тIубала машгьурай шагIир Майсарат МухIамадовалъ

**Гьей ккола кучIдузул, прозаялъул, публицистикиял асаразул 30-гIан тIехьалъул автор. ЦIалдолез лъикI къабул гьарула Майсаратил асарал. М. МухIамадовалъул шигIрияб гьунаралъе тIадегIанаб къимат кьуна къаламцоязги. Нижеца гьаниб кьолеб буго Дагъистаналъул халкъияв шагIир ГIабдула Даганова Майсаратил цо тIехьалъе хъвараб цеберагIиялдаса цо-цо мухъал:**

**«Кавказалъулги Дагъистаналъулги шигIрияб дунялалда цIвалъун гвангъана чанги чIужугIаданалъул цIар. Гьезда гьоркьоб хасаб кунчIигун цIикана пагьмуяй, гIакъилай ва бахIарчияй магIарулай Майсарат МухIамадовалъулги цIваги.**

**Дир ракI бохула гьелъул цIумур гIадаб, гьелдаго цадахъ недегьаб ва чIухIараб гьаракьалъ цIалулел, тIалабчилъи гъорлъ бессарал ва, кубачиязул накъищалда гIадин, рагIулъ бугеб щибаб гьаркьил хIисаб гьабун, хъварал кочIол мухъал рагIулеб мехалда. Гьезулъ загьирлъула херазул гIакълуги, бихьиназул къвакIиги, магIарулалъул рекIел тIинда бахчараб хIеренлъиги, магIарулазул ритIухълъиги, гIагараб ватIаналъеги инсул гъанситоялъе хилиплъунгутIиги.**

**Майсаратилъ гьитIинго бижана гIагараб ракьалъул тарихалде рокьи. Кутакалда гъорлъе яккун лъазабуна гьелъ халкъалъул жакъасеб гIумру: гьезул къварилъи-пашманлъиги рекIел унтиги загьирлъулеб буго шагIиралъул асаразулъ. Ва гьеб сабаблъунин Майсарат МухIамадова яхъарай машгьурай шагIирлъун, хъвадарухъанлъун, публицистлъун ва драматурглъун».**



### Лъала

Изну цIехечIого, цIар гьикъичIого,
БачIина дихъеги байтулман гIажал.
ГIумруялде бугеб рокьул цIаги ссун,
ЦIорорал лугбазда бигъила мусру.

Росдал гIолохъабаз гъажабазда лъун,
Ина дир жаназа азбар тун кьватIиб.
ТIела дир ясаца бухIараб магIу,
БахIар дун хутIилин божун рукIарал.

Мунагьал чурадан цояз ецщила,
Цоги дун рихарал рохила бальго,
Халкъалъулъ ратарал гьел гIадатаца
Майсаратги гьоркьой толареб лъала...

Лъала, абадиялъ хутIарав гьечIо,
БачIинеб дихъеги гьеб кьогIаб гIажал.
Къисматалъ кьуралда рекъон хьвадарай
Дицаги бухьинеб ахираб сапар.

Ина дун хIухькъотIун, кулабазул яс,
Каранда медалал, орденал рачIей.
Диего кIодолъи, цIар-рецц хIажалъун,
ХIалихьалъиялъул нухдасан инчIей.

* * *

Дие рокьуларо гьаб къисматалъулъ
Кьараб ицц гIадинаб каранлъ ракI бугел.
Кидагоцин дие рихарал руго
СихIтун рукъил бокIнилъ кIусун рукIунел.

Дие цIакъ рихарал щолелъул гуреб
Щибго батIиялъул хабар лъаларел,
Халкъ тIубан ракьулъе тIерхьун аниги,
ТIотIолгIанаб ургъел жидее гьечIел.

Дихъ ихтиярани гьеб тайпаялъул,
КIалцIиги цебелъун бокьор гьелаан.
БокьанагIан кьижун, бокьани кванан,
Нужерабго хIалел гьенир рукIайин.

* * *

Дун гьаб ракьалда йижун
Йиго чIужугIаданлъун,
Гьейлъун йикIинги дие
КIудияб талихI буго.

Лъала дун гьаюн гьечIей
Дунялалда дагIбадуй,
Дида тIадаб иш гуреб,
ТIекълъуда данде яхъи.

Гьедин букIин лъаниги,
КIолеб гьечIо хIехьезе,
ХIалихьатаб къавмалде
Зар къачIого йикIине.

КIолеб гьечIо, щибилеб?
ЩайтIабазда релълъарал,
Гьел магъкъазда бадибе
Абулеб лъугIун чIезе.

### Къоял рахъанагIан

Нилъер адабият, жакъа, аварал,
Къоял рахъанагIан цIубалеб буго.
ЦIар кинаб лъелеблъи жеги лъаларо,
ЛъикIго цебетIуна тIехь хъвалезул иш.

Дол арал соназда цIарал кьолаан,
ЦIикIкIараб пагьмудул шагIирзабазе.
Шагьаби ругони, щайтIабазецин
Щолел руго жакъа гьел цIакъ бигьаго.

Цинги гьел бергьарал «гIакъилзабаца»,
Жидейго музеял гIуцIулел руго.
ГIарац кьун босараб багьаяб мусор,
Рамкабаздаги лъун, къадазда бала.

Ругила гьенирго хIалица хъварал,
Автор тун батIияс цIаличIел тIахьал,
ТIаде хIур ккелебин комодги рахан,
Хазина кинниги нахъе цIунарал.

Гьединазул рахъалъ бицен рагIидал,
ГIадаллол рагIаби ракIалде щола:
«Гьабизе захIматаб, хIазе бигьаяб
ХIалтIини буго гьал шагIирзабазул».

* * *

ГIажаиблъи гьечIищ сундулго рахъалъ,
Сангарал ратана дун унеб нухда,
Херлъун гIумруялде яхунагоцин,
ХутIичIо, течIо дун дагIба-къец лъугIун.

Дица гьумер битIун бадиб абула,
Дун йокьулареца хадуб кьвагьула.
Хал гьабе, цIалдохъан, талихI киб гурин
Тушбабицин щвана дий хIалихьатал.

### Дие гIела гIадамаз

Дов Шамилгун Хочбарихъ
Угьдулел нилъ хутIани,
Хадусел наслабазе
Мисал лъидаса щвелеб.

ЩинкIун арабщиналъул
ШигIраби ругонани,
Щиб нахъе тун нилъеца
Байтулман дунял телеб.

Чияр гIакълуялъ борцун
ГIумру гьабун нилъ чIани,
ГIедал нилъер лъимадул
Бадир кин ралагьилел.

Кида лъугIизе бугеб
Нилъехъ бугеб хIелхIеди,
ХIакимзабазда рекъон
Къали кIутIулеб заман.

Дурго умумуз тараб
Ирсалъул тIалаб гьечIес,
ТIомолъе кин биччалеб
Чидар ургъел-къварилъи.

Дица кIвараб куцалда
КверчIвана дунялалда,
Дагъа-макъаб кьуризе
Кьуна тIолабго пагьму.

Гьелъухъ баркала-кири
Кидаго балагьичIо,
Балагьаздаса цIунун
Халкъ хутIани гIола дий.

Дие гIела гIадамаз,
Дида тIад зани чIвайдал,
Зигара бан абуни,
Анин лъикIай гIаданин.

### Толей гьечIо дун ракIалъ

Сордо нахъалъараб гIуж букIаниги,
ГIажаиблъи гьечIищ, щоларо макьу.
Щибаб жо бичулеб, босулеб дунял,
Босун лъун буго дир бетIералда тIад.

ТIерхьунарабщинаб тIамула цебе,
ТIурачIел анищал щущала гIадалъ.
Ва щибаб рахъ босун халгьабуниги,
ГьечIо гьелъулъ хинлъи я рекIей рохел.

Чан лъикIлъи гьабураб лъиего дица,
Хадуб гьелъухъ хисун гьез квешлъи кьезе,
Каранда ракI унтун тIалаб гьабураз
ТIун нартгун цIа гъезе дир гIаданлъуда...

Соназул гьаталъе къокъарабщинаб
Щибаб нухалъ гьедин цебеги тIамун.
ТIаде жалги росун гIумру гьабизе
ГIодой йиччан толей гьечIо дун ракIалъ.

### Бищунго квеш ккараб жо

Жакъа рекIелъ хIенсолеб
СогIлъи буго цIакъ гучаб,
ЦIар лъезе хIал гIолареб
ХIикмат буго тIаде щун.

Заманалъул гIайибищ
ГIумруялъул такъсирищ,
Тамашаяб хис-баси
Сверухъ гIемерлъун буго.

Нафс цIунизе кIочон тун,
ЦIуял жал щцулъун руго,
ЦIалеб жоги цIикIкIун ккун,
Кепалда васал руго.

ХIалакълъараб гьудуллъи,
Гьодорлъараб божилъи,
ГIаданлъигун яхIалъул
МахI лъугIараб пасалъи.

Лъица гьаб хъублъиялъе
ГIорхъи лъелеб, лъаларо,
Лълъараниб унеб буго
Цебе букIарабщинаб.

Бищунго квеш ккараб жо –
Жидехъ гIакълу-лъай бугел,
Лъим кIалдиб ккураб гIадин,
ГIодор тIепун, гIунун чIей.

### Дир гьари

ХIабиб НурмухIамадовасе
Мун макъуги гуро, маргьуги гуро,
Маргьабазулъ гIадав багьадур вуго.
Бицен къотIуларел дур бергьенлъабаз
Лъун буго дир рекIелъ кIудияб чIухIи.

Лъала, аваразул васаца дида,
Даим берцин гьабун букIин Дагъистан.
Гьезул ияхIалда, яхI-намусалда
ГIасрабаз эхетун бугеб мугIрул ракь.

Дуца цIар босана дурго черхалъул
Чвахун гIодоб тIураб гIетIалъухъ хисун.
Хиянатлъи, хIаял хIажат гьечIо дуй,
ХIалкIвей бугев Аллагь рекIелъ вукIаго.

Дур къохIехьеялъул, бахIарчилъидул,
Сси хвелареб, ХIабиб, гIемерал соназ.
Гьаб Дагъистаналъул историялда
Меседил хIарпаца хъвалеб дурги цIар.

Жеги гIолохъанав, жан-хIал къуватав,
Дур къасдал щвалде щвей – щаклъи гьечIеб жо.
Щвараб кIодолъидул борхалъи кквезе,
Камилав инсуца кьолеб дуй гIакълу.

Гьедин букIаниги, дир гьари буго,
Гьура-гьарай дуца рикIкIадегIан те.
Лъай дуда, аварав, рекIкI, хIалихьалъи,
Дур хьолбохъ кибего эхетун букIин.

### Лъала

Лъала, чирахъалъул чалу кинигин,
Каранда ракIбухIун хъварал дир мухъаз,
ХъахIилаб зодихъе бакъ хисилареб
Яги вакъарасе чедлъун чIеларел.

БичIчIула гьединго дир хIасраталъул
ХIасиллъун лъугьарал гьал саринаца.
Хвасар гьавиларев унтул бусада
Аллагьасул къотIи тIаде щварав чи.

Амма бокьилаан цониги инсан
Асир гьавунани дир саринаца,
Ургъелаз бигьараб пардавги борхун,
Бохани гьинал ракI гьесул каранда.

* * *

Цо-цо мехалъ дида дунго йихьула,
Рохьоб нух къосараб чанида релълъун.
ЧарабухIун, хIелун гIемер сверсведун
Свакан гьотIода гьоркь гIодой кIусарай.

Цоги дида ккола чIваби тIутIураб
ТIамур йигин дунго рукъил бокIнида.
Бакънӓй пайда гьечIеб, тIаде хIур ккараб,
Жинда килищ кIутIун кечI ахIулареб.

Гьеб мехалъ хIал хисун, хехдарун ракIги,
Хехго дица къалам къватIиб бахъула.
Столалда нахъа гIодойги кIусун,
«Майсарат, давай яхъа», - ян буюрухъ кьола.

КьогIал пикрабиги рикьизе гьарун,
Рокьи гьеб параялъ гьалдола рекIелъ,
КочIол рагIабаца куркьбиги рижун,
Кьурул борхалъуде бахунаанищ.

### БукIунге дир къавулъ

Дидаги лъаларо, лъидаго гIадин,
ГIумруялъул гьоко киб лъалхъилеблъи,
БачIина, букIина цо гьединаб къо,
Къаникь дунги тIупун, тIад зани чIвараб.



Майсаратил ватIан ХIабщи росу

ЧIаго хутIараца тIела дихъ магIу,
ТIолацаго гуро, цо-цо дун лъалез,
Цо лъимал рукIина баба анилан,
Бищунго ракIунтун, хадур гIодилел.

ГIодуге, йокьулей дир кIияйго яс,
КIваричIо пашманлъи дуеги, дир вас.
Васият буго дир нужее толеб,
Тоге дир рокьобе къавухъе нуцIа.

КъавутIе нилъ цIехон гьобол вачIани,
Рохалил гьимигун гьаве гьев къабул,
КъваригIел ккарасул мурад тIубазе
ТIоцере щолезул мухъилъ рукIа нуж.

### РецIел

Дир борхатаб тIалъи, духъ тIолеб магIу,
ТIелхазулъ сонаца бакъвалеб гьечIо.
Дур къварилъабазул къисаби хъвазе,
Къуват гIолеб гьечIо дир рагIиялъе.

РагIи магIуялде сверулеб буго,
Саринал хучдуллъун лъугьунел руго.
ЛъугIун бахъунареб рагъул гъугъади,
Гьаримаб дир рекIелъ багъулеб буго.

НекIо баркаталъул цIадал ралелъуб,
ЦIадул тупал руго кьвагьизарулел,
Расги гIайиб гьечIел гIолохъабазул
Бидул лъарал руго лъелехь бан унел.

Ралъад гьалаглъараб, гьава бигьараб,
Гьаб демократия лъий къваригIараб,
Рикъарухъабаца гъоркьан гьабулеб
Рагьалъ гъурун балеб гьарим мискинхалкъ.

Чанги бахIарасда хIебет ретIарал,
ХIакимзаби рахъун хъулухъ-ишалда
Хъвазе-цIализецин хIалихъе лъалез,
Нилъей къоялъ кьолел къварарал дарсал.

ГIанкI кIалалъ бакIалда, цIиркъ нуцIил кIалтIа,
Къоло цоабилеб гIасрудул чучлъи,
Чаргъудузул тIелаз тIалъиги босун,
Бусен биххун къватIахъ хутIараб хьиргъу.

Хъвараб цIалуларел, цIали рихарал
БачIунесеб гIелги гIолохъабиги,
ГIарцул гуронани, мацI бичIчIулареб,
БачIун бугин заман, гьабилеб жо щиб?

Чадихъ яхI бичараз чекулеб дунял,
Чорхохъ дарай босун къачIарал ясал,
Къаламищ бекилеб, кверищ къотIилеб,
ТIокIалъ нужер рахъалъ хьвай-хъвагIай тезе.

ХъахIбалъи, цIогьалъе цIар-рецц гьабулеб,
ЦIа гъуниц бухIилеб гIураб улка-мулк,
КочIол къимат хвараб херлъулеб дунял,
Бомбайищ рехилеб мун биххун ине.

Бокьун буго дие гьаб ракьалда тIад,
Квешлъи бекьаралгун кьалде яхъине,
Кьвагьизе шагьидлъун дунгоги гьаюн,
Гьал цо цIукIбуздаса рецIел босизе.

### Арахкент

Рохьил рацIцIалъуда цIорораб иццухъ,
Лъимерлъидул къоял тIамуна дица,
ТIугьдузул авлахъги аваданлъиги
Арахкент букIана дир рекIел рохел.

РукIана, рукIана Арахкенталда
Хехал квалиялъул кепал гIадамал,
ГIачиги речIчIулел, бокьги бахъулел,
Рехъадеги хьвадун гIиги хьихьулел.

Аллагьасда цебе динги толарел,
Дунялалъул рокъоб къадруги бугел,
КъваригIел ккаралъур къвалалги гурун,
КьойигIан цоцае кумек гьабулел.

Хадур ана сонал, сверана дунял,
Свакарай чучизе щвана росулъе,
Сонаца, сихIруялъ, хIалихьалъиялъ
Лъукъараб ракIалъе дару батизе.

Огь, байтулман дунял дида гьанибги,
Нахъехун таралъул рахъу батана,
Доб цебе букIараб магIишат-яшав,
ХIанчIил бусен гIадин, щущахъ бан буго.

Гьедин букIаниги, инсуе къураб,
РагIуе кьуризе бокьичIо дие,
Дирго умумузул рухI бохизелъун,
Бана анцIго соналъ тIад хIалтIун мина.

Хадуй угьданиги угьдичIониги,
Гьаниб доб цебесеб рекIелгъей гьечIо,
Гьава-бакъ рекъараб бакI букIаниги,
БакIаб цо асаралъ унтун буго черх.

РекIеда кверги лъун, лъикIго ургъана,
Дун пашманлъиялъе гIилла щибдаян,
Цинги берзул тIелхалъ хулана магIу,
ГIагарав эменгун эбел цеечIун.

*Гьурмал хIадур гьаруна*
***П. ПАЙЗУЛАЕВАС.***

### Зада Макъсудова:

# «Жавгъарги кисиниб тун, капек балагъуге»

**12 марталда Москваялда тIобитIана «Россия – халкъазул рукъ» абураб ТIолгороссиялъул форум. 2023 соналъул 22 ноябралда РФялъул президент Владимир Путиница тасдикъ гъабураб «Хъизамалъул лъагIел» лъазабиялъул хIакъалъулъ абураб указалда рекъон, форум гIуцIун букIана Миллатазул ишазул рахъалъ федералияб агентствоялъ (ФАДН).**

**Рехсараб форумалда гIахьаллъана Гъуниб районалъул Гъоркьа КIогъориб росдал школалъул директор, «КIудияб хъизам» абураб жамгIияб гIуцIиялъул нухмалъулей Зада Макъсудова. Гьелъ нижее бицана форумалъул хIакъалъулъ.**



## Россиялъул щибаб халкъалъе хасиятаб хъизам

**- Зада, кинаб кIвар букIараб форумалъул?**

- Президентасул администрациялъул гIахьаллъигун форум тIобитIиялъго бихьизабула нилъер улкаялъул нухмалъиялъ гьелде кIвар кьолеб букIин. Гьелда гIахьаллъана тIолабго улкаялдаса – гьезда гьоркьор цIиял регионаздасаги – 600 чи. Гьенив вукIана къватIисел улкабаздаса жеги 30 чи. Гьеб рагьана РФялъул президентасул администрациялъул нухмалъулесул тIоцевесев заместитель МухIамадсалам МухIамадовас.

«Хъизамалъул лъагIел» тIобитIиялда бан гIуцIараб тадбир бугелъул, аслияб суаллъунги букIана миллат, мацI, миллияб маданият ва Россиялъул щибаб халкъалъе хасиятаб хъизам цIунизе ккей. МухIамадсалам МухIамадовас, масала, загьир гьабуна гьадинаб пикру: «РФялъул Конституциялда тасдикъ гьабураб кIиго нух буго халкъалда гьоркьоб кьучIаб хIалтIи гIуцIиялъе. ТIоцебесеб, Россия буго цогояб, киналго миллатал цолъараб улка. Гьелдаго бухьараб буго кIиабилебги: Россиялда гIумру гьабулеб щибаб халкъалъул миллияб хаслъи, ай гIадаталги, маданиятги, хасго мацIги цIуни ва цебетIезаби. МацI хвани, миллат хола. Гьединлъидал аслияб кIвар кьезе ккола миллиял мацIал цIуниялде», - ян.

Гьесул кIалъаялъ лъикIаб асар гьабуна. МагIарул мацI цIуниялъеги цебетIезабиялъеги лъикIал ресал щвелин абураб хьул бижана. БукIана гьелъие гьадинаб кьучIги. ФАДНалъул нухмалъулев Игорь Бариновасги тIадчIей гьабуна улкаялъул щибаб хъизамалъул гIумру киналго рахъаз берцин гьабизе ккеялде, жамгIияталда гьоркьоб лъимал гIемерал хъизамазул къадру борхизабиялде.

Абула, лъимал чияр рукIунарин. Гьеб пикруялде кIвар кьуна РФялъул президентасда цебе гIуцIараб Лъималазул ихтиярал цIуниялъул советалъул нухмалъулей Мария Львова-Беловалъ. Гьеб кинабго букIана форумалъул байбихьуда тIобитIараб данделъиялда.

## «ГIумруялъул азбука»

**- Форумалъул хIалтIи гIуцIун букIана анлъго батIияб бутIаги гьабун. Кинал секциязда гIахьаллъизе рес щвараб дуе?**

- Щибаб секция букIана чара гьечIого гIахьаллъизе гьира базабулеб ва жиб-жиб халкъалъул хъизамазе кIвар бугел суалазда тIасан гIуцIараб. Амма рес щвечIоха – заман гIечIо. БукIана «ГIумруялъул азбука» абураб секция. Гьениб бицана миллияб маданияталъулги, рахьдал мацIазулги ва лъай кьеялъулги масъалабазул хIакъалъулъ. секциялъул модераторазги кIалъазе рахъарал гIахьалчагIазги загьир гьабуна цокIалаб пикру: лъималазе, гIолеб гIелалъе тарбия кьезе ккола тIоцебесеб иргаялда хъизамалда. Эбел-инсухъа гIадин, тарбиячиясухъаги учителасухъаги бажаруларо лъимер битIараб нухде ккезабун.

Дие кутакалда бокьана 2017 соналдаса нахъе Россиялъул цо чанго регионалда гIумруялде бахъинабулеб бугеб проекталъул хIакъалъулъ гьабураб кIалъай. Проекталъул аслияб мурад буго ватIан бокьи куцай. Руго гьелъие хIадурарал хасал цIалул тIахьал ва школалда кьолел дарсал. Гьеб проекталъул лъикIаб рахълъунги дида бихьула щибаб регионалъул тарихалъул кьучIалда тарбия кьолеб букIин. «КIудияб ватIан бокьизе ккани, гьитIинаб ватIаналде рокьи кьуцазе ккола», - ян абуна проекталъул авторас. Гьединлъидал щибаб регионалда малъула жидерго тарих, маданият ва рахьдал мацI: Москваялда – Москваялъул, ХМАОялда – хантазул ва гь.ц. Гьеб проект хIалтIулеб буго лъабго регионалда. ХIалтIи гIуцIун буго байбихьул школалдаго.

Проекталъул авторал исана щун рукIун руго ДагъистаналдегIи. Нильер гьанибги байбихьун буго «Дир Дагъистан» абураб проект гIумруялде бахъинабизе. РачIана цIалул тIахьалги хIалтIул тетрадалги. Гьезда рекъон хIалтIани, лъимал гьитIинго ругъунлъула творчествоялде, жинцаго лъай балагьизе.

## Лъималазда бихьизе ккола миллаталъул хаслъи

**- Рахьдал мацIал малъиялъулги гIагараб ракьалде рокьи куцаялъулги рахъаз лъикIал пикраби загьир гьарун рихьула форумалда. Гьел гIумруялде рахъинадай?**

- Гьелде хьул буго дирги. Нилъеца гIемер бицунеб буго магIарул мацIалде кIвар кьезе кколин абун. Гьеб «унти» бахун буго федералияб нухмалъиялдеги. ПачалихъияБ Думаялъул депутат Лариса Бурановалъ, масала, «Нужеца рахьдал мацIазде кIвар кьолеб букIинчIебани, миллатги мацIги цIуниялъулъ жеги цIикIкIарал ва захIматал масъалаби раккилаан», - инги абун, форумалъул гIахьалчагIазе баркала кьуна. Улкаялъул Думаялда гьединаб бербалагьи бугони, мацIал цIуниялъул иш цебехун хьущтIиялде хьул букIинарищха.

Гьелъ бицана мацIал малъиялъе кумекалъе батулеб проекталъул хIакъалъулги. «Хъизамалда гIицIго миллияб мацIалда кIалъан гIоларо. Лъималазда бихьизе ккола миллаталъул хаслъи жиделъ загьирлъулеб къайи-алатги. Рокъоб гьабизе ккола миллияб квен, хIалтIизаризе ккола халкъияб гIадатал. Школалда кьолеб дарсил 45 минут гIоларо миллаталъул тIолабго хасият цIалдохъабазда бичIчIизабизе. Дарс кьолеб классги, школалзе хьвадулеб нухги, жидеца гIумру гьабулеб бакIги гIолеб гIелалда бихьизе ккола цогидазда релълъинчIеб, гIицIго жиндир халкъалъул хаслъи гьорлъ бессараб бакIлъун. Миллияб бичIчIи щварал цIалдохъабазе бицине ккола Россиялъул гIаммаб халкъги батIи-батIиял миллатаздаса лъугьараб цогояб халкъ кколеблъи», - ян бицана депутаталъ.

Гьелъул проекталда рекъон лъималазе лъайгун тарбия кьезе ккола дозие ругьунаб – хIаялъулаб – къагIидаялда. Руго гьелъул мурадалда хIадурарал ва гIумруялде рахъинарулел ругел батIи-батIиял проекталги – гьезул хIакъалъулъги бицана форумалда. Масала, Россиялъул регионаздаса чIахIиял вузазда цIалулел ругел студентазе бицуна батIи-батIиял халкъазул гIадатазулги маданияталъулги хIакъалъулъ. Гьедин гьезулъ куцала «Дун – магIарулай ва дун – Россиялъул халкъалъул вакил» абураб пикру. Гьелъул мурадалда студентазе бицуна щибаб халкъалъул устарлъиялъулги маданияталъулгун тарихалъулги хIакъалъулъ. Гьедин гIуцIула маданиязда гьоркьосеб диалог.

КъватIисел улкабаздаса рачIарал студентазул къадаралъул хIисаб гьабуни, Россия буго дунялалъул улкабазул сияхIалъулъ щуабилеб бакIалда. Гьезиеги кьола Россиялъул халкъалъул маданияталъул дарсал – нилъеда гьоркьор дол хехго ругьунлъизе ва нилъер гIамал-хасият дозда бичIчIизе.

Дунги тIадрекъола гьеб пикруялда: ватIан бокьи куцазе ккола лъималазе ахалдасаго. Ва гьеб хIалтIи гIуцIизе ккола гьоркьохъеб школа лъугIизегIан. Проекталъул цоги лъикIаб рахълъун дида бихьана халкъалъул рукIа-рахъиналда хIалтIизарулел рукIарал алатал дарсида хIалтIизари. Пуруц-рукь яги бугъун цебелъун бугони, гьеб хIалтIизабулеб къагIидаги баян гьабуни, цIалдохъабазда бичIчIила умумузул магIишаталъул хаслъи. Гьез кьимат гьабила умумузул захIматалъул. Дарсазда интерактивияб программа хIалтIизабулелъул, рес букIина некIсиял кучIдул хIалтIизаризеги. Кьокъго абуни, гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъе ресал батIи-батIиял руго.

Форумалъул щибаб секциялда загьир гьарурал пикраби рехсараб резолюцияги къабул гьабуна. ЦIакъ бокьилаан гьел хIукмаби гIумруялде рахъинаруни.

**- Кинаб цIалул планалда рекъон хIалтIулеб нужер школа?**

- Умумузул буго гьадинаб кици: «Жавгъарги кисиниб тун, капек балагъуге» абураб. Эбелалъул рахьдада цадахъ нилъее щвараб ва Аллагьас кьураб нигIматлъун кколеб рахьдал мацIалде мугъги кьун, ингилисги цогидал мацIалги къваригIунин абун гаргадулел гIадамал дида ричIчIуларо. РичIчIуларо, школалда миллияб мацIгун маданият ва тарих малъизе рес тун гьечIин абулелги. Гьелъие ресал руго – гьел хIалтIизаризе гьира букIине ккола. Гьездаса пайда босуларел чагIи дида рихьула «капек балагъулеллъун».

ФГОСазда рекъон, федералияб министерствоялъ хIадурун буго цо чанго батIияб цIалул план. Школалъе ихтияр кьун буго жидее рекъонкколеб тIаса бищизе. Кинабха тIаса бищилеб? Школалъул коллективалдаги, росдал бегавуласдаги (учредителасда) ва Умумузул советалдаги дандбана нижеца гьеб суал. Ва киналго тIадрекъана рахьдал мацI малъиялъе цIикIкIун ресал кьолеб цIалул планалда. Гьелда рекъон рахьдал мацI малъиялъе киналниги классазда бихьизабун буго анкида жаниб кIи-кIи дарс. Цо-цо классазда гьелде тIадеги сагIтал кьуна школалъул компоненталдаса.

Гьеб рахъалъ лъикIаб бербалагьи буго районалъул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIалиевасул. Баркала буго гьесие нижер школалъе гьабулеб квербакъиялъухъ. Баркала буго ДРялъул бетIер Сергей Меликовасе ва Лъималазул ихтиярал цIунулей вакил Марина Ежовалъеги. Гьез кумек гьабула «КIудияб хъизам» абураб жамгIияб гIуцIиялъе, ай дица хьихьун бугеб 19 лъимадул гIумру берцин гьабиялъе.

*Гара-чIвари гьабуна Кавсарат СУЛЕЙМАНОВАЛЪ.*

# РикIкIад вугониги, ракI - ватIаналда

**«ХIакъикъат» газеталъул редакциялде гьоболлъухъ вачIун вукIана дунялалдаго машгъурав, жинцаго ургъараб ва жеги лъихъаго гьабун бажаричIеб циркалъулаб номералъул бетIергьанлъун кколев Шамил районалъул КъахIиб росулъа АхIмад Сурхатилов. Гьес гьарулел гьунарал такрар гьаризе кIолев чи жеги вахъинчIо. АхIмадил цIар босун буго Гиннессил рекордазул тIехьалдеги.**

**ГIумрудул гIемерисел сонал Испаниялда раниги, гIурусаз абухъе, «Человек-амфибиялъун» кколев гьесда цIакъ берцинго лъалеб бугоан магIарул мацIги.**



**- АхIмад, бокьилаан дурго махщалил, иш-пишаялъул бицине? Чан сон бугеб ватIан тун къватIиб гIумру гьабун вугелдаса?**

- КъватIиве ккаралдаса буго 32 сон. Дун ккола Чапаевасул роль хIалев вукIарав Борис Бабочкинил цIалдохъан. ЦIалана ВГИКалда. Гьев хведал, нижер курс ккана Алексей Баталовасухъе. Гьесда цебе лъугIана ВГИКалда цIали. Гьениве цIализе ворчIизе кутакалда захIмат букIана. Дагъистаналдаса тIоцеве гьениве цIализе ворчIарав чиги вукIана ГIабдурахIман Даниялова-сул вас Юсуп. Гьесда хадусев ккола дунги. Дидаго цадахъ цIалана Шапи Казиевги. Юсупида нахъа эмен, Шапида нахъа Расул ХIамзатов вукIун ватани, дида кверчIвалев чи щивго вукIинчIо. Дир эбел-эменги рукIана гIадатиял захIматчагIи.

Кин батаниги, лъугIизабуна институт ва кьуна эркенаб диплом. Доб заманалда, цIали лъугIидал, практикаялъ цо кире ругониги ритIулаан. Дун витIичIо, бокьараб бакIалде айилан тана.

ПалхIасил, Москваялда букIана Гедриус Маскаевичасул нухмалъиялда бугеб хIалтIулеб «пластики и движения» абураб театр. Гьенибе хIалтIизе лъугьана. Хъулухъ гьабуна армиялда ва мустахIикълъана МВДялъул дипломалъегун кIиабилеб даражаялъул медалалъе. Гьениса вуссиндал, хIалтIизе лъугьана М. Горькиясул цIаралда бугеб киностудиялде. Гьениб гьабуна дирго театралияб программа ва гьелдаса байбихьана гастролазде хьвадизе. ГIемер щвана МахIачхъалаялдеги, Азиза абурай кочIохъангун цадахъ. Гьейгун хIалтIана гIураб заманаялъ.

Цо къоялъ менеджерас абуна Филипп Киркоровасда цадахъ хIалтIизе бокьиларищин абун. ТIадеги жубана жал Германиялде унел ругин. Дун разилъана ва ана Германиялде. Гьенив, Киркоровгун цадахъ, рагъулал частазда концертал кьуна.

Гьениса вуссиндал, Москваялда, Советияб армиялъул кIалгIаялда тIобитIараб концерталдаса хадуб дихъе вачIана цо чи, ва гьес абуна Испаниялъул концертал тIоритIулеб гIуцIиялъул директорасе дурун лъайхьвай гьабизе бокьун бугин абун. ПалхIасил, I99I соналъ, лъабго соналъулаб контрактги хъван, ана Испаниялде.

**- Контракт лъугIидал, тIадвуссине бокьичIищ?**

- Гьаниве вачIун гьабизе жо букIинчIо. Доб мехалда расги лъикIаб гуреб хIал букIана Россиялда. Дица контракт халатбахъинабуна ва ана Гамбургалде. Гьенисан байбихьана Европаялда дир гастролал.

Испаниялъул телевидениялъул машгъурал передачабаздаги дунялалдаго цIар рагIараб циркалдаги хIалтIана. Гьенир дида цадахъ хIалтIулел рукIана Энрике Иглесиас ва Шакира гIадал артисталги.

Дица гьеnиб бихьизабуна цо «уникалияб» номерги. Дидагоцин лъалеб букIинчIо гьеб гьедигIанго цIакъ «уникалияб» букIинги.



**- Мун Россиялде щвечIищ гьеб «уникалияб» номергун?**

- 2008 соналъ дун ахIун вукIана Россиялъул телевидениялъул «Минута славы» передачаялде. Дица гьеnиб бихьизабуна «Аквариум» абун цIар лъураб гьеб номер. Гьениб букIана дун сукIун жаниве лъугьунеб, 50х50 роцадул коробка. Гьеб рахала ункъабго рахъалдасан ва гьенив дун вукIуна эбелалъул ургьиб лъимер гIадин гурун. Цинги коробка бегьула лъел цIураб аквариумалъубе. Гьениб бала 9 минут.

Къокъго абуни, гьеб передачаялда гIахьаллъарав дун вихьидал, Казахстаналде, Астана шагьаралъул юбилеялде ахIана. Гьениб, 45 градусалъул багIари бугеб бакIалда лъелъ дун чIана 10 минутгун 15 секундалъ. Гьебин абуни ккола рекорд.

Квеш ккараб жо буго гьеб номер циркалда бихьизабизе бегьунгутIи. Щай абуни, цирк буго лъималазе бугеб жо, гьеб номерин абуни ккола хIинкъи бугеб гьунар.

**- Гьеб номер гьабизе кин ругьунлъарав?**

- Гьелда тIад хIалтIулаго ана дир гIемерисеб заман. Жакъа дун вуго 69 сонил ригьалде вахун. Дир буго иллюзия, магия гьорлъе унеб концерталъулаб программа.

**- ВатIаналде вуссун лъикIин абураб пикруго бачIунарищ?**

- Дунго вугеб бакIалда байбихьараб жоги тун, тIадвуссине рес гьечIо. 14 сон барав дир васги вуго гьенив цIалулев. Гьес школаги хадуб ВУЗги лъугIизабичIого кин тIадвуссинев? Амма рес кканцинахъе вачIуна гIагараб ватIаналде, дирго росулъе. ВатIан ракIалдаса араб заман киданиги букIунаро.

**- Дур хъизан щиб миллаталъул кколей?**

- Дун вуго бусурбанчи, нилъерго гIадаталги тарихги бокьулев ва гьеб цIунарав. Амма хъизан йиго Казахстаналда гIурай гIурусай. Гьелда цIар букIана Лена, гьанже - Лайла. Гьелъ босана ислам. Гьелда цIакъ берцинго лъала цIурахинкIал, цIурачадал, магIарул хинкIал гьаризеги. Васасеги цIакъ бокьула нилъер квен-тIех. Васасда цIар буго Оскар - турк мацIалда - рагъухъан. ЦIакъ кватIун щварав вас вуго дие гьев.

**- Васасда ракIалда бугищ инсул нухдасан ине?**

- Щакаб жо. Гьев вуго парусалъул спорталде машгъуллъарав чи, хьвадула акробатикаялде, лъазарулел руго паранг, ингилис ва гIурус мацIал. ЦIакъ бокьула математика.



**- Мун ккола дунялалдаго рагIарав акробат. Дур вац - Авар театралъул бетIерав режиссер. Нужер тухум-кьибилалда рукIанищ гьунарчагIи?**

- Дир эбел йиго артистизм бугей гIадан. Гьей ккола ЦIадахIариса, дарги миллаталъул. Ниж гьитIинго рукIаго ратIалъана эбел-эмен ва эбелалъ тарбия кьуна нижее. Рогьалилъ рахьиндал, гьелъ хIалицаго гьекъезабулаан хинаб лъел стакан, тIамулаан зарядка гьабизе, цIороpаб лъин тIолаан тIаде. Гьелдаса хадур кванazарулаан хьармухъчайги кьун. Жакъаги, 98 сон барай дир эбелалъ, бусадаса яхьиндал зарядка гьабула.

**- ГIумрудул гIемерисел сонал дур ун руго батIияб пачалихъалда. Гьаниве, дурго ватIаналде вачIараб мехалъ, щиб дуда бихьулеб ва щиб абизе бокьилеб гьеб рахъалъ?**

- Дагъистаналда хиса-басиял ккелел руго. Цебе букIарабги гьанжесебги дандекквезецин рес гьечIо. Масала, гьаниб тукадаса босана 125 гъурщиде бетарахь ва 90 гъурщиде рахьадал къвачIа. Гьадиналго багьаби руго Испаниялдаги. Амма гьаниб пенсия буго 12-14 азарго гъурущ, харжал - 20-25 азарго. Доба, пенсияги малъун, дие щола 350-400 азарго гъурущ.

**- Дуца доба гьабулеб хIалтIи гьаниб гьабизе рес гьечIищ?**

- Буго. Амма гьанив къвариғIуна спонсор. Рекламайин абула, ижараялъе зал кквезе ккола. Кин батаниги, дица гIадинал гьунарал гьарулев чи Россиялда гьечIо. Дие цIакъ бокьилаан Дагъистаналдасан байбихьун гастролал гьаризе. Амма пайда щиб? Бицун бичIчIулеб жо гьеб гуро. Дир талихI буго батIияб пачалихъазда нилъерго культура, гIадатал, тарих бихьизабизе дир рес букIин.

**- Дурго васасда лъалищ гьел гIадаталги, культураги ва цогидабги?**

- Лъала. Анкьго сон байдал, росулъеги вачун, кинабго гIагарлъиги бакIарун гьабуна гьесие суннат. Дица гьесда кинабго малъула. ДугIабиги лъала гьесда, кIалккун моцIалъ кIалги ккола. Нилъер гIадаталги, тарихги, адабиятгун маданиятги малъула, гьеб лъазе гьираги букIуна гьесул.

*Гара-чIвари гьабуна Рукъият ГIАЛИСУЛТАНОВАЛЪ.*

# Цебе заманалъул цо-цо хIужаби - 1819 сон

**Цо-цо росабазул цIарал ричIчIулареб хIалалъ хъван руго. Улкаялъул КъватIисел ишазул министерствоялъул архивалдаса росарал гьал баянал кьун руго 1940 соналда къватIибе бачIараб «Материалы по истории Дагестана и Чечни (первая половина XIX века)» абураб тIехьалда. Макъала хъвалаго гьелдасаги пайда босана.**

**Аваразул ханлъиялъ магъало кьоларел уздензабазул росабазул цIарал ва цIаракиял**



Хунзахъ - ханасул авал. Художникас бахъараб сурат

**Хумзак – 700, - Хунзахъ**

1. Хунзал – 302 - ГьоцIалъ батизе ккола
2. Чаида – 20 - ЧIалда
3. Хахыкел – 15 - ХъахIикIкIал
4. Гуркагузал - 16 - Гъоркьа ГьоцIалъ
5. Тагата – 18 - ТIагьада
6. Уздаль-русь – 39 - Уздалросо
7. Харикиль – 170 - ХIариколо
8. Бакыч - 282 - БакьагъечIи
9. Кинчил (Климичай) - ?
10. Ильтлылл- 81 - Илъасел?
11. Бакда – 19 - Бакъда
12. Амкиль-ашкиль – 11 - ГIамикь
13. Гунух – 83 - Гъонохъ
14. Зада – 60 - ЦIада
15. Бикч – 30 - Байикь - ?
16. Джундук – 52 ЧIондокь
17. Кишик – 40 - ?
18. Шатал – 79 - ЩототIа
19. Нита – 101 - НитIаб
20. Накик – 70 - НакIикь
21. Батынчи – 12 - БатинчIи
22. Маниданаха – 30 - Датуна
23. Гандах – 300 - Гьандихъ
24. Занта – 130 - ЗанатIа
25. Мухух – 109 - Могьохъ
26. Баклал – 90 - Гъоркьабакълъухъ
27. Амсал – 97 - ТIасабакълъухъ
28. Хазамух – 203 - ГьацIалухъ
29. Убуда – 250 - ГIобода
30. Суюух – 300 - Сивухъ
31. Эк-Илиг – 398 - ГIахьалчIи - ?
32. Т - ааду Эк-илинг - 181 - ТIад ГIахьалчIи - ?
33. Тумугар – 27 - Тумагъари
34. Гуркы Кимикг -Клим – 18 - ?
35. Гуркы Куль – 77
36. Машух- 202 - ?
37. Асакур – 20 - Асакъоро
38. Кулул – 9 - ?
39. Тванус – 193 - ТIануси
40. Зьатину – 143 - ?
41. Имтибур – 80 - ?
42. Кулун – 91 - ?
43. Учулу – 88 - ?
44. Тадукуль – 52 - ?
45. Зайкаль – 101 - ?

**Кинабниги 5895 цIараки**

**Нуцалханасе магъало кьолел росабазул сияхI ва гьел росабалъ ругел цIаракиял**

1. Харикур - 120
2. Абасу - 132
3. Исильта - 98
4. Гихаль-хыл - 85
5. Рикь-вах - 105
6. Мунух - 99
7. Гиндуб -100
8. Макичь - 181
9. Сидабхы - 80
I0. Гахата - I93
11. Килу - 85
12. Бусу - 84
13. Баси – 91
14. Ниджали – 102
15. Гафаили – 83
16. Дабьи – 67
17. Чарбиль – 200
18. Зууркея – 130
19. Кирри -98
20. Бакуиури – 180
2I. Кызин – 70
22. Кяру – 92
23. Андуу - 41
24. Джагунда – 67
25. Хеамада - 92
26. Сандакур – 100
27. Сисулу – 80
28. Шикыр – 121
29. Амахал – 105
30. Усип – 38
31. Махал-рази - 187
32. Итауан-хал – 60
33. Киндахал – 91
34. Хундук – Ичин – 200
35. Хаиды – 32
36. Хух-Хада – 121
37. Атагы – 120
38. Зарику – 99
39. Заамада – 83
40. Басу – 77
41. Дадал Бек – 80
42. Хачари - 98
43. Кув - Вада – 62
44. Кява -Хачари – 13
45. Манхыль – 79
46. Хыльды -Баджея – 38
47. Джингишки - 101
48. Бусу -Кудя – 12
49. Кизах – 40
50. Сасах – 50
51. Басисиль - 80
52. Ришни – 71
53. Азииль – 97
54. Багуль – 130
55. Ада – 69
56. Къин -туп – 80
57. Джюнсуб – 189
58. Мусахыль – 28
59. Кяшда – 100
60. Хылидь Яхы - 80
61. Хумраты аыль – 79
62. Алихан – 87
63. Аиди – 100
64. Ичишнах – 58
65. Чутури – 130
66. Тачул - 30
67. Расу – 190
68. Ахада – 191
69. Хураки – 80
70. Тааши – 121
71. Ууши – 40
72. Михалу - 70
73. Гундж - Гендехыл – 28
74. Снягы – 101
75. Фашкянки – 30
76. Садири – 20
77. Кубуда – 41
78. Джуали – 113
79. Умиати – 28
80. Мулкый - 101
81. Тунсуу – 99
82. Барзи – 120
83. Шубут -190
84. Кялу – 38
85. Салбар – 60
86. Мусалат - 81
87. Хиних – 79
88. Гаттиан – 11
89. Халгы – 59
90. Амань -21
91. Саттий – 48
92. Нуувирь – 29
93. Хакку – 30
94. Хаматти – 88
95. Варанди - 39
96. Шиндари - 90
97. Закунда – 81
98. Тагыриль -русу – 13
99. Умал русу -15
100. Муюн -ча – 18
101. Ае -хабиль – русу - 21
102. Барга – 19
103. Т -ырли – 93
104. Кясал – 70
105. Сурукь – 27
106. Хырляда – 180
107. Уш-н и – 31
108. Мучари - 29
109. Димиь – 130
110. Иф-у-рий – 100
11. Кулду – 38
112. Шихаль – 112
113. Ах -ха - -28
114. Кяла – 81
115. Так – ка -91
116. Хурт -и 89
117. Хыхри - 100
118. Тупачи – 51
119. Занкуль – 38
120. Хах-хааха – 58
121. Фишшус – 102
122. Ибрагин ли – рус – 19
123. Нашах – 102
124. Магал-аул – 13
125. Ща -а – 103
126. Хиль – 21
127. Хак-кыль-рус – 21
128. Гармах – 100
129. Юу – суфиль – руш - 81
130. Хах-рычь
131. Чармак – 48
132. Хах-зыль русу -19
133. Нугал – 100
134. Магадж – 38
135. Саги-гиль- русу – 58
136. Фати -30
137. Машаль – 80
138. Фуршик -авал – I5
139. Т-ис -39
140. Амда – 149
141. Миясс -181 - МигIарсо
142. Гудубирь – 293 - Гьодобери
143. Тассуда -111 - ТIасутIа

144. Киних – 183
145. Мунал -211 - Муни
146. Урта – Куш – 55 - ГIортIаколо
147. Зулуда -280 - ЦIолода
148. Анкярдах – 181 - Ингердахъ
149. Мист-урух -190 – МестIерухъ
150. Ах – хал – 300 ?
151. Изани – 181 – Изано
152. Кянкыру – 112 – Кванкъеро
153. Хурута – 200
154. Кулал – 130
155. Инц-зал – 120
156. Зильмис – 99 – ЦIелмес
157. Дотлькаль – 101
158. Амишта – 80 – ГIамиштIа
159. Канал – 100
160. Кяхил – 82
161. Ли-иль – 100
162. Алк-иль – 300
163. Ит-тал – 80
164. Кузулук – 91
165. Зильзиль – 21
**Кинабниги I4843 цIараки**

Гьаб сияхIалдасан бихьулеб буго Нуцалханасе магъало кьолеб рукIарал росабазда гьоркьор чачаназул, гуржиязул, ЦIоралъул росабиги рукIараблъи.

**Нуцалханасе шапакъатазе гIоло (за награды) рагъулал ишазулъ гIахьаллъулел округазул росабазул сияхI.**

**Округ Кувал - КIуяда**
1. Хазуни - 103
2. Балдук – 190
3. Уралаб – 200
4. Кук – кууда – 120
5. Залду – 181
6. Ивалда - 87
7. Мугду - 100
8. Хибди – 28
9. Лук –нуб – 80
10. Бал –ин – 102
11. Кикиру – 29
12. Сих –хы – 51
13. Руссул – 300
14. Занда – 92
15. Ру-уда – 19
16. Бит- ири – 33
17. Чуну – 100
18. Хах-хаснагы – 160
19. Гамихх – 80
20. Бигуда-ллара – 30
21. Киюль - 18
22. Хазал – 100
23. Рукка – 89
24. Фурзах тассмучь -89
**Кинабниги 2381 цIараки**

**Округ Киль-Кьелеб**
1. Рун-дах – 48 - Рукъдахъ
2. Мусух – 100 – Мусрухъ
3. Киндах -71 – Хьиндахъ
4. Урджух – 93 - ГIурчухъ
5. Куннух – 200 – Хьонохъ
6. Ругыелда – 382 – Ругъелда
7. Ригик - 271 – Ригьикь
8. Сумада - 193 – Сомода
**Кинабниги 1358 цIараки**

**Округ Кид - Гьид**
1. Уруда- 200 – ГIурада
2. Мачада – 110 – МачIада
3. Хинта – 170 – ГьентIа
4. Титиб – 179 – ТIидиб
5. Хутуда – 100 – ХIотода
6. Лахх – 80 - Лъахъ
7. Наккяк – 40 – НакIикь
8. Зикяль - 191 – ЦIекIоб
9. Панал – 81 - Лъануб
10. Асал – 400 – ГIасаб
11. Ракку-ахал – 180 – Ракьуб ГIахьвахъ
12. Кушта – 89 - Хучада
13. Хуур – 300 - Гьоор
14. Кух – 300 – КъахIиб
15. Киндах -
16. Ури - 271
17. Микки Хур – 28 - Микьигьори
18. Зиур – 210 - Зивуриб
19. Тилик – 800 – ТIелекь
**Кинабниги: 3869**
**Округ Каралал - Къаралал**
1. Худжуб – 320 - Гьочоб
2. Курущ – 219 - Кьорош
3. Хачада - 119 - Гьачада
4. Кахха – 212 - ?
5. Рухху -
6. Сута - 191
7. Унтлу – 88 - Улъухъ
8. Бакдул – 93 - ?
9. Гунух – 200 - Гьунухъ
10. Ззухх – 103 - Сохъ
11. Мукурух- 129 - Мугурухъ
12. Муксу – 200 - Мокъсоб
13. Зуида – 181 - ?
14. Симирта – 39 - ?
15. Сачада - 133
16. Бизур – 171 - ?
17. Кулясил – 82 - ?
18. Базад - асиль – 179 - ?
**Кинабниги: 2659**

**Деревни, не платящие дани Нуцалхану.**
**Снабжаемые билетами от Сурхая, воспрещено ему будет по милости государств, то с радостью обращается к Нуцалхану.**
1. Андия - 1500
**По случая пребывания Сурхая дани не платят**
1. Токал – 110 – ТукIитIа
**Полагаясь на шамхала койсубайлинцы, а на них следующие:**
1. Арал – 400 – ГIоротIа
2. Ххык-рык – 380 - Харахьи
3. Кик-Киндал – 120 - ?
4. Куу-Аыкь – 89 - ?
5. Мушул – 120 - Мущули
6. Бакта Амшал – 187 – Бакъда Гьамущи
7. Кук-кунда амшал – 89 – Хьонда Гьамущи
**Кинабниги: 2995**

Гьаб документалдасан бихьулеб буго I80I соналда КIудияв ГIумахан ЦIоралда накълулъидал Аваразул ханлъи загIиплъун букIин. ГIандалал, ГIандал, Анцухъ мухъ, ЦIунтIа, Кьенссерал ва цогидалги магIарулазул вилаятал рикь-рикьун, жалго жидедаго чIун рукIараллъи.

***Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ***

ГIУМРУДУЛ МАГIНА

# Къеда мугъ цвизабидал гурони, ханжар къватIибе бахъизе бегьуларо

**Умумуз ирсалъе тарал камилал гIадатазул цояб ккола чиясул ретIакъаялде букIараб кьварараб тIалаб. ХIисаб гьабидал, бичIчIулеб буго гьезул щибаб ратIлил цо хасаб магIна букIараблъи. Гьебгиха, лъикIаб тарбия кьеялъе квербакъулеб.**

НекIо бихьиназда борчараб рачлида чара гьечIого бан букIунаан ханжар, гьединго чухъида далун рукIунаан гIукIдул. Жакъасел гIолилазда ракIалде ккезе бегьула умумузул ратIлида борчараб рачлида далун рукIарал гьел гIукIдул берцинлъиялъе ругел жал рукIун ратилин абун. РукIинчIо, гьел гIукIдузул букIана гIолохъабазе кьварараб тарбия кьеялъулаб магIна.

Цебе заманалда кIудияб рогьолъун рикIкIунаан херал чагIазул адаб тей. Амма гьединаб иш лъихъа бугониги ккани, гьесул рачлидаса къотIулаан цо гIекI. КIудияв чиясда хьачIго кIалъани, къотIулаан цоги гIекI. ЧIужугIаданалъухъ мекъи балагьани яги херав чиясе годекIаниб бакI биччачIони - лъабабилеб гIекI. Малъараб гьабичIони, гьереси бицани, цIогь гьабуни - ункъабилеб, ай хатIа рикIкIун, гIолохъанчи махIрум гьавулаан цо-цо гIекIалдаса. Рачлидаса гIекI къотIун бихьидал, росдадаго лъалаан гьесул тохлъи, ва гьев киназго рикIкIунаан тIадагьав чилъун. ТIолалго гIукIдул къотIарав чиясда жамагIаталъул тIубанго божилъи холаан. Гьеб мехалъги гIолохъанчи жинцаго риччарал гьалатIазда тIад ургъичIони, ай гьес анкьабилебги гьалатI биччани, гьеседа тIаса рачел бахъулаан. Рачел бахъи рикIкIунаан кIудияб рогьолъун, гIадатги букIана рачел тIаса бахъарав чиясда росу тезабулеб. БатIияб росулъги гьесие изну кьолароан рачел базе.

ГIагараб росулъе тIадвуссине изну щвезе ккани, хатIа биччарас гьабизе кколаан халкъалда рагIараб бахIарчилъи, лъикIлъи яги гIаданлъи, ай бихьизабизе кколаан жив лъикIаб рахъалдехун хисун вукIин, гьединго жинца исламалъул нух босун бугеблъи.

Чабхъеназул ва гъазаватазул заманазда игитазухъ ва бахIарзазухъ букIунаан батIи-батIияб ярагъ. Кьалда, цо кьвагьун хадуб, ярагъ щибаб нухалъ цIидасан цIезе кколаан. Гьайгьай, щибаб яргъил патрон цIезе кколаан жиб-жибалъе хIажатаб къадаралда тункIил херги жанибе бан. Гьебги хIисабалде босун, рагъухъабазул гужгатул газиразда жаниб букIунаан жиб-жиб яргъил патроналъе дандекколеб къадаралда хIадурараб тункIил хер.

Рагъда, квен лъугIидал, кваналеб чIахIги бетIун, тIагIамалъе гьелде тIаде базеян, гужгатул цебесеб газиралда жаниб букIунаан цIамги пилпилги. Гужгатул квегIаб рахъалъул рагIалда бугеб газиралда жаниб букIунаан бакъвараб цIулал гIисинаб хведер, цIадалаб гьава-бакъ бугони, цIа бакизе.


Сурат - Вики Чтение сайталдаса

Нилъер умумузе тIагъур букIана яхI-намус цIуниялъул хасаб гIаламат. Абиги гьечIищха, чияца тIагъур бахъиги, тIажу бахъиги цого жо кколилан. Имам ШафигIияс абун буго, тIагъур ботIрода лъоларев чиясул рагIи, нугIасул гIадин, къабул гьабизе бегьуларилан. Диналъги гьукъула тIагъур тIад лъоларев чи нугIлъун вачине. Жакъа, цояз цогидаздаса тIаса бахъун, тIагъур добе-гьанибе рехула, гьеб ккола чиясул къадру хвезаби, гьев хIакъир гьави.

Умумуз абулаан, ханжар лъалиниса бахъуге, бахъун хадуб би биччазе кколилан. Квешаб бакIалде иш ккедал, ай къеда мугъ цвизабидал гурони ханжар къватIибе бахъизе бегьуларо, бахъун хадуб, гьеб магIнаялда хIалтIизабизе лъазе кколилан малъулаан умумуз.

Жакъа цояз цогидазе хIинкъаби кьола, дица дуе гьаб гьабилин, доб гьабилин абун. ЧIухIараб ретIелги ретIун, хирияб телефонги кодоб ккун, кIалъазе лъараб гIоларо, жидерго рагIул ва хасиялъул жаваб кьезеги лъазе ккола, гурони тIаде бачIине бегьула къадги чирахъ бакизе ккараб къо.

Арал гIасрабазда нилъер умумузе магIишат гьабиялъе кумек гьабурал гьезул камилал гIадатаздаса мисал босани, гьайгьай, нилъелъ щулалъила иманги къуватги.

Щивав магIаруласда тIадаб борчлъун рикIкIине ккола халкъалъул тарихги, мацIги, гIадаталги лъазари ва, ясбер гIадин, гьел цIуни.

***Нури НУРИЕВ***

# Лъималазда ва школалда бухьараб гIумру

**Бокьула мугIалимзабазулгун гара-чIвари гьабизе. Гьезул хIалтIуда бан гьабулеб накъит гIумруялда тIасан гьабулеб бугин ккола.**

**Нилъеца кидаго абула учителасул пиша цIакъ кIвар бугеб бугин. Амма кидаго гуро гьелъул гьваридго пикру гьабулеб. Щивав инсанасул къисматалда кIудияб бакI ккола мугIалимас. ГIумруялъул нухда, батIи-батIияб ахIвал-хIалалде ккедал, нилъеда гIемер ракIалде щола мугIалимзабазул насихIаталги малъа-хъваялги. Амма мугIалимзабазулгун гара-чIвари гьабулелъул, кигIан гIемер соназ хIалтIаниги, гьезул рекIелъ жеги цIунун батула нилъер щивасул сипат. Фазу ГIалиевалъ абухъе, «гьансиниб сукIун лъураб ххамил кесек кинигин» цIунун ратула нилъеда хурхарал ракIалдещвеял. Гьаб макъалаялъул героиняялъулгун гара-чIвари гьабулелъулги гьединал пикраби рачIана ботIролъе.**

Мадина Маликова хIалтIулей йиго Хунзахъ районалъул Харахьи росдал школалда гIурус мацIалъул ва адабияталъул учительлъун 1995 соналдаса нахъе. Гьей мустахIикълъана ДРялъул президентасул ва РФялъул лъикIал мугIалимзабазе кьолел грантазе, ДРялъул бетIерасул ХIурматалъул грамотаялъе. Гьединго гьелъул цIалдохъаналъеги щвана РФялъул пагьму-гьунар бугел лъималазе кьолеб грант. Районалъул ва республикаялъул даражаялда тIоритIулел кьецаздаги гьез гIемер росула призалъулал бакIал.

Мадина ккола районалдаги республикаялдаги тIоритIулел гIемерал тадбиразул, кьецазул жигарай гIахьалчIужу. Гьей ккола Хунзахъ районалъул ЖамгIияб палатаялъул членги.

**- Мадина, лъица дулъ мугIалимасул пиша тIаса бищизе гьира бижизабураб?**

- Дир кIудияв эмен вукIана ДРялъул мустахIикъав мугIалим. Рагъул заманалдаги дарсал кьолаан гьес. Эбелалъги гьабуна мугIалимлъи, дицаги дир яцалъги тIаса бищана гьебго нух. ГьитIинаб мехалъ тIахьазда Пушкинил, Толстоясул суратал рихьидал, дица эбелалда гьикъулаан ал нилъер гIагарал чагIийищан. Гьелъги уйин абулаан. Гьелдасанго батилаха гьитIинго дирги рокьи бижараб. Нижер мугIалим БакьайчIиса МухIамад ГIалиевичасги абун буго дир эбелалда дун гьеб пишалде нухарегIеян.

**- МугIалим хIисабалда, кинал захIмалъаби дандчIвалел ругел?**

- Бищунго хIалтIи бигьалъула лъайгун тарбия кьеялъулъ умумузги гIахьаллъи гьабуни. ГIицIго дунялалъул боцIуда хадур лъугьун гьел чIедал, нижго цохIо лъугьун хIалтIизе захIмат букIуна.

Жакъасел лъималаз жидедехунго цIикIкIун бербалагьи тIалаб гьабулеб буго. Цебе гIадин эбел-инсул тIалабчилъи гьечIо. Дир пикруялда, цо-цо эбел-инсул гIайибалдалъун, цо-цо лъималазе жакъа ругел ресаздаса пайда босизе рес щолеб гьечIо. Жакъасел лъимал руго цIакъго хехаб хIалалъ церетIун ине рес бугел. Бокьараб цIияб технологияги щвалде щун хIалтIизабизе бажарула гьезухъа. Квалкквал гьабулел рахъалги камулел гьечIо. ЦIакъго тархъун буго цебе кIудияб кIвар кьолеб букIараб хIалтIуде куцай. ГIиси-бикьинабги хIалтIи гьабизе кIвахIаллъулел руго лъимал. Дица рикIкIуна, лъимадулъ бугеб гьунарги халлъун, гьеб битIараб рахъалде сверизабуни, кIуди-кIудиял борхалъабазде рахине рес бугин нилъер лъималазулин абун. Масала, лъимералъул сурат бахъизе ялъуни кечI ахIизе гьунар бихьани, «гьа, гьелдаса щвезе хайир гьечIо», - ян кIварго кьечIого толеб буго улбуз.

ЦIакъго захIмат буго художествияб литератураялде гьира бижизабизе. Амма тадбиразда гьорлъе рачунел ругони, гьениб жигараб гIахьаллъи гьабула гIемерисез.

Гьаб сон Хъизамалъул сонлъун лъазабун букIинги хIисабалде босун, районалда гIуцIана улбузул советги. Гьелги ракIарун, рорхана тарбия кьеялъул рахъалъ кIвар кьезе ккарал суалал. Жакъа цохIо учителасги школалъги гьабураб хIалтIи гIолеб хIал гьечIо.

БатIи-батIияб хIалтIи-пишаялъул гIадамалги ахIун, «Классные встречи» абураб тадбир тIобитIула нижеца. Масала, дагъалъ цебе районалъул модельнияб библиотекаялда тIобитIана СВОялда къадаралде щварал гIолилазул улбузги гIахьаллъун лъималазулгун дандчIвай.

**- Лъималаз гьабулеб гIахьаллъи**




Мадина Маликова: Дир тIолабго гIумру буго лъималаздаги школалдаги бухьараб. Гьеб гьечIого дида дир гIумру цебечIезабун бажаруларо.

**- Мадина, Хунзахъ районалъул «Движение первых» гIуцIиялъул хIалтIиги нухда бачуна дуца...**

- «Движение первых» ккола ТIолгороссиялъул школлъималазул ва гIолилазул гIуцIи. Гьеб гIуцIиялдаса ва нилъер улкаялъул президент В. Путиница гьелде кIвар кьеялдаса дун кутакалда йохана.

Нижер районалда пионерия букIана гьваридал кьалбал риччараб рахъ. Жакъаги цIунун хутIун буго. Гьелъго батила, «Движение первых» гIуцIун букIин цо гIемерго сан гьабулеб букIинчIо байбихьуда.

Нижер районалда гьеб хIалтIи бачуна дица ва ГьоцIалъ росдал школалъул мугIалим ПатIимат АхIмадовалъ.

Гьеб гIуцIиялъ тIаде кIудияб кIвар кьолел чанго рахъал руго: тарих цIуни, ВатIаналъе хъулухъ гьаби, гьудуллъи, щулияб хъизан, анищал, цоцазул адаб-хIурмат ва цоцазе квербакъи гьаби, лъикIлъи ва ритIухълъи, захIматалде куцай. Гьел темабазда рекъон гIуцIиялъ хIалтIи гьабула лъай кьеялда, гIелмуялда, искусствоялда, культураялда, спорталда, волонтерлъиялда хурхун.

Гьелда сверухъ хIалтIи гьабизе щибаб школалда вищана 12 цIалдохъан ва щивас цо-цо рахъалда хурхун гьабулеб хIалтIул жаваб кьезе ккола.

Хасго кIудияб кIвар кьола волонтеразул хIалтIуде, тIоритIула гьезул отрядазул кьецал. Цебе гьелда абулаан «Тимуровский отряд» абун.

**кинаб бугеб? Гьира бугел гIемер ругищ?**

- Байбихьуда захIмалъаби дандчIвалел рукIана. ГIемерисезул гьира бижиялъе квербакъи гьабуна Гумбет районалда тIобитIараб тIоцебесеб форумалъ. Гьенир рукIарал церерахъиназги мастер-классазги лъималазе асар гьабуна. Гьелдаса хадуб, гьенир рукIараз цогидаздаги бицун, гIемерал лъугьана гьеб гIуцIиялде гьорлъе. Гьелъул интерес бугел улбулги руго.

Районалда бищунго бокьулеб акция буго «Мы - граждане России». Лъималазе паспортал кьола районалъул бетIерасги, гьесул заместителазги. Гьел кьолеб къоялъ районалъул культураялъул хIалгIаялда кIудияб тадбирги тIобитIула.

Республикаялъул Координациялъулаб советалъ хIукму гьабуна щибаб районалда бугеб «Движение первых» гIуцIиялъул рахъалъан СВОялде моцIи-моцIие 21 хIедул чирахъал ритIизе.

Районалдаса 20 чиясе ВДНХялда унеб бугеб выставкаялде инеги рес кьуна. КватIичIого гьенирегги ине руго ниж.

**- «Движение первых» гIуцIиялда гьорлъ гьабураб гIахьаллъиялъ лъималазе хадурккун кинал рукIаниги ресал кьолищ?**

- ЦIакъго жигаралда гьеб гIуцIиялъул хIалтIулъ гIахьаллъулезе хадубккунги гIезегIан кумек ккола. Щивасул рукIуна волонтерасул книжкаби. Кьура-кьурал тIадкъаялги тIуразарулел, хIалтIиги берцинго нухда бачунел школлъималазе, цIализе лъугьунелъул, ГТОялъухъги меседил медалалъухъги гIадин тIаде рачIунел баллалги рукIине руго.

**- Мадина, мугIалимасул гIумру лъикIал ракIалдещвеяздалъун бечедаб букIуна. Дур хIалбихьиялъулъ кIочонарел кинал хIужаби рукIарал?**

- Дир я каникулал, я гIодоркъоял рукIунаро. Дун гIемерал конкурсазда ва тадбиразда гIахьаллъула.

РакIалда буго «ЛъагIалил учитель» кьецалда гьабураб гIахьаллъи. Районалдаги бергьун, мугIрузул зонаялдаги щвана тIоцебесеб бакI. Гьениб дирго цееяхъин кидаго ракIалдаса унаро. БитIун бицани, дида ккун букIинчIо, гьедин цее яхъун бажарилин абун.

ЦIалдохъабигун цадахъ тIоцебе дица гIахьаллъи гьабураб конкурс букIана «Шаг в будущее». Гьенибе нижеца хIадурун букIана «История аварской письменности. Аджам» абураб гIелмияб хIалтIи. Гьелъухъ тIоцебесеб бакI щванин абидал, дида ккана йохиялъ дир ракI кьватIибе кIанцIун бачIанин. Гьелдаса хадуб дун цIалдохъабигун гIемерал батIи-батIиял конкурсазда гIахьаллъана ва лъикIал хIасилалги рихьизаруна.

**- Дурго хIалтIулаб нухда бищунго кIудияб бергьенлъилъун щиб дуца рикIкIунеб?**

- ЦIалунги лъугIун, дида цевеса ун чанго сон бараб мехалъ, дирго цIалдохъан саламатав чи лъугьун вихьи – гьеле дир бищунго кIудияб бергьенлъи. Гьезул баркалаялъул рагIабаз тIубанго ракI хинлъизабула. Щивав цIалдохъанасул гIумруялдаги къисматалдаги хадуб халккола дица. Цоцина дида цеве цIаларав цIалдохъанасул гIумруялда, къисматалда рекъечIеб хIужа ккани, дица гIемер пикру гьабула, сундулъдай тарбия кьолаго гьалатI биччараб, щибдай гьоркьоб тарабин.

Эбел гьечIого хутIараб цо лъимералъ хъвараб сочинение ракIалде щолеб буго дида. Гьес гьениб хъван букIана, ЦIияб соналъ эбел щвезе анищ буго гьесул жиндирин абун. Эбел нахъа гьечIого гIуниги, гIаданлъи бугев чи лъугьана гьесул.

Дир цIакъ ракI гурхIула эбел-эмен ратIалъарал, хварал лъималазда. Дир гIадат буго гьединал лъималазухъе кагътал хъвалеб, гьезги рачIуна данде жавабал. Цо школалда, цо классалда руганиги, чанги букIуна, кагътида хъваниги, рагьун абизе кIолареб жо. Гьединал пикрабиги рекIел хIалги лъималаз кагътидаги хъван загьир гьарула дие. Гьел киналго кагътал цIунуги руго.

Дир тIолабго гIумру буго лъималаздаги школалдаги бухьараб. Гьеб гьечIого дида дир гIумру цебечIезабун бажаруларо.

**- Дурго хIалтIулъ кинал хасиятазе мун киданиги хисичIей?**

- Бищунго аслияб жолъун хIалтIулъ рикIкIуна цIалдохъабазе бащадал ресал чIезари, лъимал ратIагьарунгутIи. Дун жидедехунго бугеб бербалагьиялъеги гьоркьоблъиялъеги хилиплъунгутIиялдаги цIалдохъабазул ракIчIей букIин – гьеле аслияб масъала. Щиб кканиги, дидаса кумек щолеблъи лъазе ккола щивав цIалдохъанасда.

*Гара-чIвари гьабуна*
*МухIамад МАНАПОВАС*

# Цебе магIарул газеталъ щиб хъвалеб букIараб?

## «МАГIАРУЛАВ»

### Комсомолазул хьвада-чIвади

Хунзахъ районалъул Харахьи росулъ комсомолаз гьарулел руго бегьуларел ишал. Ал гьалмагъзаби уна мажгиталде садакъа босизе. Сиясияб мактабалде ва кружокалде дин тIубазе щай нужеца гьадинал ишал гьарулелилан абураб мехалъ, ал гьудулзабаз жаваб гьабула Совет хIукуматалъ абуларо как багеян, гьекъолеб жо гьекъогеян гурони. КIалги ал гьудулзабаца цохIониги борчIизе толаро.

Дида ракIалде ккола, октябрь инкъилаб ккун 13 сонги байдал, лъазе гьабизе ккелин жидерго устав, программа ва гьединго рачIине ккелин сиясияб лъай босизе. Зарал гурони пайда кьолареб как бай ва кIал ккве жибго тун.

*М.ХI.*
*№10 7 февраль*

### Рахьдал мацIалъул къадру гьечIо

Буйнакский районалъул Гъ. Жунгут бугеб ликпункталда малъулеб буго лъарагI мацI ва лъарагI мацIалъул латин. Гьениб малъулеб гьечIо магIарул мацIалда латин, жидерго мацIги магIарул букIиналда цадахъ. Гьелдаго релълъун гьенив гьечIо цониги магIарул газет бачIине гьабулев чи я гьелде хабар кьолев мухбир. Дида ракIалде ккола гьал гIадамазда рахьдал мацIалъул къадру ва абунаялъул (подписка) къиматги бичIчIизе гьабун лъикIилан.

*МагIлинский*
*№ 10 7 февраль. 1931 сон*

### Гьасде финотдел балагье

Гьазибег районалъул Хубаралдаса ГIусман Сулейманов жив маххул устарги вукIиналда цадахъ цо гIащтIи гьабун 15 гъурущ, бел ва газа гьабун 10 гъурущ босун, моцIрое 300 гъурущгIан гIарац босулев чиги вукIиналда цадахъ гьав финотделалдасан вахчун вуго, жиндир гIагарав чи пирсидатель ХIалим НурахIмаевас. Воре, финотдел, ворчIизе виччаге.

*Мухбир*
*№3 9 январь*

### БацIада росдал советалъул кансилар классиял тушбабазул цIун буго

Росдал советалъул секретарь Рамазанов МухIамад гIарабист эменги Лак районалда 27-30-аб. соназда дибирлъун вукIарав, рищияздаса махIрум гьавун вукIарав кIудияв мола. Советалъул председателасул заместитель Зубайдат ХIажиева йиго гIарабистасул яс, советалъул счетовод МухIамад ГIумаров 25-26-аб. соназда ЧIарада районалъул Нукъуш росулъ гIараб малъулев вукIарав чи.

*№ 11 3 ноябрь 1934 сон*

## «МАГIАРУЛ БОЛЬШЕВИК»

* * *

1937 соналъул байбихьуда «МагIарул большевикалда» бахъун букIана Гьидалъа Хучбар цIогьорлъун ва хъачагълъун вихьизабулеб макъала. Киназулго ццин бахъинабураб гьеб бугьтаналдаса халкъияв бакIарчи вацIцIад гьавун тIоцебе кIалъай гьабурав чи ккана ЦIадаса ХIамзат. Гьаб гьоркьехун кьолеб бугеб кечI гьес бахъун букIана Хунзахъ райгазеталда. «МагIарул большевикалъ» гьеб кечI бахъун букIинчIо.

Гьидалъа Хучбарил хIалияб мацIалдалъун «МагIарул большевикалъе» жаваб. (1937 сон)

**«Большевик Горалъул» гугьар бахъулел,**
**ХъачIал ошибкаби щайдай риччалел?**
**Хасал мурадазде шагьраги рагьун,**
**Щай мунагь гьечIелъуй чIорал рехулел?**

**Гьидалъа Хучбарги хъачагълъун гьавун,**
**Ханасул гьабихъе лъим щай тIамулеб?**
**Халкъалъул цевехъан нахъе къабгIараб,**
**КъучI гьечIеб хабарго хъвазе кин кIолеб?**

**МагIардаса илхъи хъамунин абун,**
**Дун хъачагъ вукIинчIин, хъубаб цIар лъоге.**
**Ханзабазул боцIул давла гьабидал,**
**Дун цIогьор гуревин, цIар квешаб чIваге.**

**Дица умумул чIван,лъимал бесдаллъи,**
**Лъил мурад цIунундай, цIале дир тарих.**
**Россалги нахъе лъун, лъудби къороллъи,**
**Лъалеб гьечIо асда кин ккарабали.**

**Дун инкъилабалде къоно ричIизе**
**КъватIибе бахъараб хвалчен вукIарав;**
**Ханлъи-лагълъиялде данде рагъ базе**
**РухI бичун вагъарав лачен вукIарав.**

**Жеги ханзабазул хулжил кIал ккурав,**
**Хунзахъа ватизе бегьула гьав чи.**
**Хучбарида данде «против» чIарав,**
**Вихьулищ кутакав критикачи!**

ГIемераб тунка-гIунси ккана гьелдаса хадуб «МагIарул большевикалдаги» ХIамзатидаги гьоркьоб. Хасал комиссияз цIех-рех гьабуна «МагIарул большевикалъул» хIакимзабаз поэтасдасан хъварал гIарзабазул. Ахир ВКП(б)ялъул Дагъисталалъул обкомалъ ХIамзат ритIухъ гьавуна, редакциялъул гьалмагъзаби жидерго гьалатIалъе мукIурлъараб статья газеталда бахъизеги тIамуна. Гьелъул рахъалъги кIалъан вукIана поэт «Цин какарав веццун, вецарав какун» абураб кочIолъ.

### Мажгит букIараб бакIалда клуб

ЛъаратIа районалъул Мазада росдал активалъ халкъалда гьоркьоб, политикияб, халкъияб ва антирелигиознияб хIалтIи гIатIидаб къагIидаялда билълъанхъизабула. Гьелъул хIасилалда Мазада росдал захIматчагIаца цебе мажгит букIараб бакI гьанже клубалде буссинабуна.

*Ибрагимов ГI.ГI.*
*№47, 4 июнь 1939 сон.*

### Колхозалда электростанция

КъахIиб районалъул Гьолокь росдал Ворошиловасул цIаралда бугеб колхозалъ 1940 соналъул 1 январалде станция гьабун лъугIизабуна 2 январалда хIалтIизе биччана.

Гьеб хIалтIизе биччараб къоялда колхозниказ цIикIкIараб рохалидалъун дандчIвай гьабуна.

*ГIабдулаев МухIамад*
*№10, 30 январь 1940 сон.*



Maḩarul BOLŞEVIK
4 MART
№ 22 (159)
1936 SON
Daqistanalul ordenanossal Maḩac-Xalajalde şşvana
DASSR-alul SIK-alul X sozivalul 2-sessija aḩuleb zamanalul ḩaqilul
Ḩalixanov Muḩamad
Ḩi-bozzixabi sserexabazul ţolgo Daqistanalul s'jezdalul 2 ab. martalda bukarab radalab dandeli

### 3 чIужу ячарасе 1 сон

Гъуниб районалъул Хьаргабиса МухIамадов Зайнудиница советский законги хвезабун балъго гьоркьан 3 чIужу ячун йикIана. Цого заманалда 3 чIужу ячиналъе гIоло Гъуниб нарсудалъ 3. МухIамадовасе 1 сон хIалтIизе кьотIана.

*Исрапилов М. нарсудалъул секретарь*
*№24, 12 март 1940 сон.*

### Яс цIализе ячине гурилан унтулей эбел

Болъихъ районалъул ГIалахъ росулъа МухIамадкарим ХIагъалов абулев чияс жиндирго яс цIализе йиччачIого 3 сон буго. Щибаб цIалул соналда гьев МухIамадкарим росдал советалъ ахIун яс цIализе йитIизе ккей бихьизабула, ас дир чIужу унтун йигилан элъухъ балагьизе кколилан абун яс йитIуларо.

М. Каримил чIужу яс цIализе ячине гурилан унтарай йиго. МухIамадкаримги вуго рицун гьерсалгун школалде ясги гьукъун.

Школалдаса хасго яс гьукъарав М. Каримил гьумер цо прокурорасда бихьизе ккела.

*Мухбир.*
*No110, 29 декабрь 1935 сон.*

### Мискинзабазул магIишат цебе тIеялъе кумек гьабуна

Унсоколо районалъул гьерекIдерил советалъул 75 магIишат жаниб бугел, кулабазда ругел гьал хадур цIарал рехсарал гьалмагъзабаз 15 сон республикаялъул тIубаялъул байрамалде боцIи гьечIел мискинал гIадамазе боцIи босизе гьаниб рехсараб къагIидаялда боцIи кьун кумек гьабуна.

1. Жамалудин М.Хъ. – 2 гIиялъажо
2. Дада Албурица – 1 гIачIар
3. М. СалахIудиница – 1 бече
4. Асадулагь Асилдарица – 1 бече
5. МухIама МуртазагIалица – 1 бече
6. МухIамад Мусаца - 1 гIиялъажо.

Цоги рекьарухъабаз 380 гъурущ гIарацги кьуна. Гьездасан цоги сверухъ росабазги мисалбосизе бегьула.

*М. Гь.*
*No 48, 10 июнь 1935 сон.*

## ТАРИХ

# ГIуммаханасул хIакъалъулъниги, эв гъорлъ рехсонниги гьарурал кучIдул ва гьезда хурхарал харбал

ГIуммахан хун вуго, тарих 1215 соналде (байбихьана 24.05.1800 с.) щвараб гIужалъ. Эвги вукIун вуго цIакъав, гIадилав, гIакълу бугев, бахIарчияв чи. Ханзабаз абулебги букIун буго, Аллагьас цIунагийин эс кIикъого сон базейилан.

Эв хунги вуго Тулпис[275] бахъизейилан ун вукIарав чи, Тулписалъул ханас эсул ЧIарахъа гьоболасе лъабго сахI меседилги бан[276], жиндирго гьоболас загьруги кьун. Эсул гьединалго гIакълу бугел вазирги кагъат хъвалев чиги рукIун руго. Вазир ГIалисканди[277] абун вукIун вуго, кагъат хъвалев чи Дибир-къади[278] абун вукIун вуго. Эс щибго жоги гьабулеб букIун гьечIо шураталдалъун[279] гурони. Эс абулебги букIун буго, жиндир гIадав мирзаги жиндир гIадав вазирги лъугьинчIилан. Цинги эс абулеб букIун буго къохьое нах гIадаб жойин гIадамасе кьей[280] абун. Гьеб жиндирго цо рагIуда рекъон, кIудияв гIадамазул аби буго – бакъльулаздаса[281] бахъараб лъарагIалде[282] (эзул ЦIоралде унелъул боял хадур гъезегIан чIолел рукIараб байдан, къаралазул бакIалда бугеб) щвезегIан, инсул би босизе Хубаялде[283] унеб мехалъ, щунусго тумен гIарац гьудул-гьалмагъзабазе бикьун батун бугилан. Гьоболасульги рещтIунев вукIун гьечIо, масжидалда гурони, жив росдалго гьобол вугилан, цоял цоязулъ жахIда ккелебилан.

Эв ханльунги ккун вуго анIила кIиго сон барав чи. Эзул ханлъиги ирсалъе бачIунеб жолъидал букIараб. Дагъал гIадамал [гурони ГIуммаханида] хадур рилълъунарогун рукIун руго. Эв гьитIинав чи, бачун чукъа-рахьангун, ал гIадамал хадур рилълъине гьаризе бо тIалаб гьабун, ЛъарагIалде шамхалзабазде (ай лъарагIазул ханзабазде) аскIове ун вуго. ЦIакъ кIодоги гьавун, абун буго, боцIи къваригIани – боцIи кьелин абун, гIарац къваригIани – гIарац кьелин, ракь къваригIани – ракь кьелин, къваригIараб жо абейилан. Эс абун буго, валлагьи, жиндие щибго хинкIикълъи гьечIин, чиякълъи гуронийилан, жиндие нужеца кумек гьабулеб батани, дагьаб аскар кьейин жиндихъейилан. Эз абун буго, чидакълъунилан вачIун, хундерил ханасухъе бо кьезе кIвеларилан. Гьениса вилълъун вуго гьалмагълъигун чигун Гъумеки ханасухъе (эв Гъумеки ханасулгун гьелдаса хадуб эсул лъугьараб жо дица хъвана гъоркьегIан). Эсги абун буго: «ГIарацищ къваригIараб, ракьищ къваригIараб, боцIийищ къваригIараб?» – абун. Эс абун буго, жив хинкIикълъун[284] гьечIин, кинниги чидакълъун[285] вугилан. Эсда Гъумеки ханас абун буго, гьел боялги рачун, дур щиб гьабизе къасд [бугебин] абун. ГIуммаханас абун буго, дир гьитIинлъиялъе гIоло, дир инсул букIараб рагIийаталда дун дагьав инжитго вихьулев вугин. Цо дагьал церехъабаздаги, эл гурелги, эзул гIадамаздаги тIад иш къваризе гьабизе къваригIун бугилан. Гъумеки ханас абун буго, гьел боялги рачун, дуца гьел хунз ригьине гьаругейилан. Эс эсиеги кьун буго лъабго чу, лъабго хьирим, лъеберго тумен гIарац. Эс абунги буго, лъикIаб гьоболлъиги гьабун, кIудияб хъулухъ-хъатиралда дурго улкаялдаса ичIго цевехъан, цо рагIи билълъунел гIадал чагIи, кваназеги ахIун, лъабго хьирим лъабгоясе, лъабго барти лъабгоясе, лъеберабго тумен лъабгоясе кье абун.

Цинги гьениса ГIуммахан, гьеб гIакълуялдаги рекъон, нахъвуссанила. Гьадаб жиндаго малъухъе, жиндирго улкаялдаса рагIи билълъунел чагIи ахIанила: жинцаго чIвазе гьавурав Мусал ГIадалавниги[286], гьесда релълъун, цойги цойгидалниги. ГIуммаханас жидее гьеб сайгъат кьедал, киназго абунила, жидеда къваригIараб жо абейилан. Эс эзда щибго жоги абичIила. Кинниги эсде цIакъ мутIигIал, цIакъ гьетIарал лъугьанила. Гьебилан абула ГIуммаханасул къохьое нах гIадаб жойин гIадамасе ЖО кьейилан абураб кици бачIараб бакI.

***«МагIарулалъ хъварал тарихиял асарал» абураб тIехьалдаса***

[275] Туплис – Гуржистаналъул тахшагьар.

[276] Унгояб гIиллалъун ккола Ганжаялъул Джавад-хан Къажарица загьру лъезабун гьев хвей. Гьеб загьруги ГIуммаханил гьобол ХIалажил ГIабдулагьил гъаравашалъ лъун букIун буго кванилъ. Гьев ГIабдулагьил васасги, гьеб лъан хадуб, гьей къажарай гъараваш кIудияб цIаги бан, гьений рехун йухIун йиго. Гьединан хъвалеб буго XIX гIасруялъул тарихчи Гиничукьа ХIайдарбегица.

[277] ГьоцIалъа ГIалисканди (хвана 1814 с.) кколаан Аваралъул ханасул вазирлъун ва гьесие гьавуна имам ХIамзат.

[278] Хунзахъа Дибир-къади (1742-1817) – машгьурав гIалимчи ва Аваралъул къади.

[279] Шурат – гIакълу дандбазе, хIукму къотIизе гьабураб данделъи.

[280] Гьаниб сайгъат кьеялъул бицунеб буго.

[281] Бакълъулал – гьанжесеб Гумбет мухъалъул гIадамал.

[282] Бо рещтIунеб лъарагI – гьанжесеб ЧIарада мухъалъул Рилъаб росдада аскIоб бугеб, Кьенсер-гIоралъул рагIаллъи. Гьениб буго ЦIоралде унаго бо рещтIунеб букIараб лъарагIлъи.

[283] Хуба – гьанжесеб Азарбижаналъул хьунда бугеб шагьар ва мухъ, цебехун хасаб Хуба ханлъи.

[284] ХинкIикълъун – хинкI камун яги квен гьечIого хутIун.

[285] Чидакълъун – жинда хадур рилълъунел чагIи гьечIого.

[286] Балахьуниса Мусал ГIадалав – машгьурав бодул цевехъан, чIвана 1786 соналда Имаратив.

## РАГIИКЪОТI



**ГIебеде:** 1 ГIарадабазул хIакъалъулъ бугеб гIелму. 7 Гьеб бихьизабула экраналда. 8 Сунда букIаниги хурхун халкъалдехун гьабулеб калам. 11 Европаялъул пачалихъ. 12 Ккараб мунагьалдаса ракIбухIун гьеди. 13. Радиоялъул, телевидениялъул микрофоналдасан кIалъалев чи. 15 МутагIиласул учитель. 16 Коми республикаялда бугеб шагьар. I8 Турциялъул шагьар. 21. Латиназул Америкаялда бугеб пачалихъ. 22 Россиялъул областалъул центр. 23. Циркалъул бакьулъ бугеб гургинаб майдан. 25 БатIайиса тиризабун, гIакълу кьезелъун бицараб, хъвараб къокъаб хабар, къиса. 26 БитIараб, гIатIидаб майдан, лъарагIлъи. 27. Божилъи, ракIчIей, Аллагьасе мутIигIлъи. 28. Европаялъул пачалихъалъул тахшагьар.

**ГIодобе:** 1 ВатIаналъул къолден. 2 МагIна релълъараб рагIи. 3. СССРалъул машгьурав хоккеист. 4. Куц-мухъ. 6 Бихьараб, хвараб кагъат, басриял тIахьал. 7. НекIо бахIарчилъиялъухъ кьолеб букIараб шапакъат. 9 ГIарац цIунулеб бакI. 10. Вузалде цIализе лъугьарав чи. 13 Гьоркьор гIемерал чагIи гIахьаллъараб гIелмияб литературияб бахIс. 14 Россиялъул футболалъул клуб. 17 РукIалъул кулпат. 19 Кьвагьулеб алат. 20 Авлахъалъулаб, рагьулаб госпиталь. 21. Венесуэлаялъул гIарац. 24. Хъварал асаразул бетIергьан. 25. Театралияб кьурдиялъул цебебахъин.

***ГIуцIана ГIалиасхIаб ДАВУДМИРЗАЕВАС,***
***ЧIарада район, Гьочоб росу***

**11-аб. номералда лъураб рагIикъотIалъе жавабал:**

**ГIебеде:** 7. Хамелеон. 8. Базарган. 9. Ханум. 13. Диета. 14. КъурамухIамадов. 15. Газета. I6. Кашиш. I7. Ураган. 20. Аздагьо. 2I. Арагви. 22. ИгIанат. 24. Тамало. 27. Магъало. 28. Мойва. 29. Астров. 32. Первоклассник. 34. Сурав. 35. Йемен. 36. Параграф. 37. Трагедия.

**ГIодобе:** 1. КъалантIар. 2. Ресукъ. 3. Компас. 4. ПастIан. 5. Архив. 6. Партизан. 10. МуртазагIалиев. 11. ЦIулакьо. 12. КъатIипа. 13. Добровольский. 18. Басня. 19. РахIму. 23. Тройка. 24. Тавхат. 25. Гьардухъан. 26. Норвегия. 30. Авараг. 31. Астара. 32. Палас. 33. Керен.

## ЛЪАЗАБИ


Новолак районалъул Новочуртахъ росулъ гIуцIун буго «Килал» абураб жамгIияб идара (Община коренного малочисленного народа аварцы «Килал»).

Гьаб лъазабиялда тIасан суалал ругел чагIи ратани, рачIине бегьула рехсараб адресалда рекъон: Новочуртахъ росу, Ханпаша Нурадиловасул къватI, мина №52. Хъвазе бегьула ГьалбацIев Сурхайихъе, тел. **8 928 061 70 07.**



ХIАКЪИКЪАТ

**БетIерай редакторалъул ишал тIуразарулей** ХIАЖИЕВА Зульфия Багъатаровна 65-00-66

**Заместителал** Зикрула ИЛЬЯСОВ Темирхан ХIасанов (На общественных началах)

**Жавабияв секретарь** МухIамадхIабиб МАХIАТIОВ

**Отделал:** **Тарих** Редактор: **Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ** МухIамад Манапов

**Информация, политика, гIелму ва лъай кьей** Редактор: **Кавсарат Сулейманова** Ашахан Юсупов Рукъият ГIалисултанова

**РухIияб хазина** Редактор: **ПатIимат ГьитIинова** ПатIимат СултIанмухIамадова

**Адабият** Шамай Хъазанбиева

**Росдал магIишат** Редактор: **ГIабаш ГIабашилов** ПатIимат МухIамаева

**ЦIалдолезул кагътал** Нури Нуриев ГIайшат ХIалакъова

**Корректор** Хадижат Дамаданова

**Социалиял гьинал, IT-технологиял** МухIамадкарим ХIамзаев

Электронияб почалъул адрес: **hakikat1917@mail.ru** **www.hakikat.info**

Заказ №____

Печаталъе гъулбасана - 20.00 Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:** 367018 МахIачхъала, Насрудиновасул проспект, I-А

Газета къватIибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ 367000, МахIачхъала Пушкинил къватI, 6

«ХIАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА ГIУЦIАРАЛ: ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.

Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гIахьал гьабулеб

**Тираж - 5009**

Газеталъул индекс: 51314 (бащдаб лъагIалие)

Багьа 15 гъурущ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХIалтIулел чагIи», «БагIарал мугIрул», «МагIарул мискинзаби», «МагIарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагIарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагIараб байрахъ».